Gid Pou Tout Danje

Kesyon preparasyon an: Se responsablite tout moun

Lee County

2017-2018

-*Gid pou tout danje se yon dokiman ki disponib sou sit wèb nou an : www.LeeEOC.com

KOUMAN POU NOU JERE IJANS 3.0 nan
www.LeeEOC.com

Teknoloji ap fè gwo avans pou li chanje sitiyasyon nan koze kominikasyon lè gen ijans. Moun tankou tout sekouris deja kòmanse foure kò yo byen fon nan teknoloji modèn sa yo—Sant pou Jere Ijans Lee County a ladann tou. Nouvo gadjèt sa yo ogmante transparans nan sans kote nou kapab kenbe yon dyalòg ak kominote a nan diferan anviwonman, pou pèmèt gen plis fidbak o nivo lokal.

LeeEOC.com ofri plizyè kalite resous ki founi moun enfòmasyon ki itil anpil:

	Paj Facebook nou an ofri enfòmasyon sou preparasyon pou ijans mete sou enfòmasyon pou ijans pandan sa ap fèt la a menm. Al sou sit wèb sa a: www.facebook.com/LCEMFL and www.facebook.com/LCEMVolunteers pou wè jan ou kapab ede Lee County prepare tèt li pou ka ijan.
	Lee County Emergency Management sèvi ak de diferan adrès twitè : **@LeeEOC-** ki bay enfòmasyon sou ijans sèlman **@LCEMFL**- Ki bay enfòmasyon sou ijans ak lòt enfòmasyon jeneral
	LeeAlert se app GRATIS nou an ki disponib sou Apple ak Android. Yo pèmèt moun k ap sèvi ak yo a konnen ki zòn evakiyasyon ki zòn pa yo a. Li kapab lokalize moun k ap sèvi avè l la gras ak GPS oubyen tou moun nan kab chache zòn nan gras ak adrès la. Ou kab enskri pou yo voye avi pou evakiyasyon ba wou sou gadjèt elektwonik ou dirèk.
	Kòd wouj: Kòd wouj la se yon sèvis GRATIS Lee County kote rezidan yo ak mezon komèsyal yo jwenn yon avi swa yon kout telefòn, yon tèks oswa yon imèl konsènan ijans oubyen aksyon ki nesesè pou sove lavi moun ak byen moun. Enskri nan LeeEOC.com.
	Mesaj kout pa tèks: Se mesaj w ap jwenn nan pati anwo nan paj LeeEOC.com, moun kab mete nimewo telefòn yo pou yo resevwa 'dènye nouvèl' pou yo konn sa k ap pase gras ak mesaj tèks.
	Se pou kab konn ki pòtay (elektwonik) ki pou zòn. Pòtay sa a pèmèt moun antre adrès yo pou yo kab jwenn zòn evakiyasyon an yo a. An menm tan gou gen badj elektwonik pou chak zòn, bagay moun kab sovgade sou konpitè oubyen sèvi ak li nan medya social.
	Radyo pou move tan NOAA fè emisyon 24 sou 24 sou jan tan an ye kounye a ak sa yo predi pou pi devan. Se sistèm sa a ki sistèm avètisman ki pi ajou pou chainman nan kondisyon move tan tankou tonad, move tanpèt, epi gwo tanpèt lagrèl.
	Sistèm alèt pou ijans lan(Radyo ak televizyon) ak sistèm alèt sou telefòn nan se sistèm alèt Gouvènman Federal la bay Eta yo ak otorite lokal yo pou yo sèvi ak li pou ijans.

Lòt resous ki disponib:

www.LeeEOC.com: Se nan nouvo sit wèb nou ki byen ekipe e ki fasil pou moun itilize pou w chache enfòmasyon ak zouti ou bezwen an premye; bagay ki pou ede w prepare fanmi w pou ensidan danjere ki kab genyen nan Sidwès Florid la.

Plan pou preparasyon pou fanmi: Sa a se yon model ki kouvri tout sa pou l kouvri e ki fasil pou moun itilize pou yo kreye yon plan.

Aplikasyon pou pwogram pou moun ki gen nesesite espesyal: Pwogram pou moun ki gen nesesite espesyal la pèmèt moun jwenn abri oubyen transpòtasyon pou moun ki rete nan Lee County e ki abite nan kay oubyen zòn ki pa an sekirite fas ak tanpèt, gwo vag lanmè oubyen van lè gen move tan oubyen siklòn. Aplikasyon an disponib an panyòl tou.

Aplikasyon pou Volontè: Pwogram volontè nou an bay yon bann sèvis pou volontè, tankou entèna, asistans pou biwo, epi opòtinite pou w aprann jere ka dijans.

Inside

Pg 1 Echèl Siklòn Saffir-Simpson nan
Pg 2 Danje nan siklòn
Pg 3 Planifye! Prepare! Fè pawòl la gaye!
Pg 4 Prepare yon bwat ki gen sa w bezwen an ka ijans
Pg 5 Pare bato w pou yon siklòn
Pg 6 Ensidan move tan el niño ak la niña
Pg 6 Evakye– Pran abri kote w ye a
Pg 7 Abri pou popilasyon an - Abri pou bèt kay
Pg 8 Moun ki gen dezabilite ak sa ki gen bezwen espesyal
Pg 8 Transpò
Pg 9 Jan pou w sèvi ak dèlko epi prekosyon pou w pran
Pg 10-11 Inondasyon
Pg 12 Kèk konsèy pou dlo ak kouran
Pg 13 Fason pou w jere yon ensidan twomatik
Pg 13 Chèche konn zòn evakiyasyon pa w la
Pg 14 Kontak pou ka ijan nan Lee County
Pg 15-16 Enfòmasyon sou media & enfòmasyon pou ede w prepare w
Pg 17 Kontak pou ka ijan nan Lee County
Pg 18 Asirans
Pg 19 Enfòmasyon enpòtan pou kay yo manifaktire ak kay mobil
Pg 20 Apre tanpèt la
Pg 21 Rekiperasyon apre dezas
Pg 22 Kesyon pwòpte Fatra apre tanpèt
Pg 23 Èske kay ou solid ase pou van an?
Pg 24 Pui ak sistèm septik
Pg 25 Kèk konsèy sou reparasyon nan tèt kay la
Pg 26 Volontè
Pg 26 StormReady (Pare pou tanpèt)
Pg 27 Rekòmandasyon pou lè li fè frèt
Pg 27 Ka ijans akoz chalè
Pg 28 Tònad ak kout zeklè
Pg 29 Alèt Tònad ak Avètisman Tònad
Pg 30 Dife sovaj
Pg 31 Pwodui ki se danje
Pg 32 Preparasyon kont zak teyoris

Echèl Siklòn Saffir-Simpson nan

An 1971 enjenyè sivil Herbert Saffir ak meteyològ Dr. Robert Simpson te devlope echèl Saffir-Simpson nan. Premye echèl la te montre ki dega ki ka fèt nan yon kay dapre vitès van epi efè vag lanmè.

An 2010, Sant Nasyonal pou afè siklòn te wete efè gwo vag lanmè ak presyon bawometrik nan echèl Saffir-Simpson nan. Sa te fè echèl sa a vin yon echèl pou mezire vitès van ase; ak sa yo rele l: Echèl vitès van Saffir-Simpson nan. Echèl sa a bay egzanp ki kalite domaj ak efè move tan kab fè Ozetazini parapò ak fòs van sa yo. Echèl vitès van Saffir-Simoson nan founi enfòmasyon sou enpak van sèlman epi li pa bay enfòmasyon sou lòt efè oubyen lòt karakteristik ki mache ak siklòn twopikal.

Siklòn kategori en:
Van san rete ak vitès 74 a 95 mph, 64-82 kt, oubyen 119-153 km/hr. Van ki danjere anpil epi ki kab fè kèk domaj. Kit se moun, bèt nan kay, bèt y ap gade yo tout kab blese oubyen menm mouri akoz de bagay k ap vòltije oubyen bagay k ap sot tonbe.

Ansyen kay ki sou wou (sa yo bati avan-1994) tout se kay van sa yo kab detwi, espesyalman si kay sa yo pa byen ankre. Nouvo kay ki sou wou yo ki byen ankre yo kapab sibi domaj tankou: pèt tayl sou do kay la, kouvèti metal pou do kay la, kouvèti an plastik pou arebò kay la, tankou tou kouvèti remiz machin nan gen dwa kraze, kapab gen domaj nan veranda, oubyen sou galeri k fèmen. Kay ki fèt ak chapant bwa ki mal bati se kay ki kab sibi gwo gwo domaj. Fenèt yo pa poteje kapab kraze si debri k ap vòltije frape yo. Chemine ki fèt an mòtye ase kab tonbe. Kay ki fèt ak chapant bwa e ki byen bati kab sibi domaj sa yo: pèt tayl sou do kay la, kouvèti an plastik pou kò kay la, panèl pou kouvri arebò anba tèt kay la, epi kanal dlo lapli ki sot sou do kay la. Pòt pou ale sou do kay la se pòt ki kab tonbe si yo pa kore yo byen kore. Estrikti an aliminyòm pou fèmen pati nan kay se bagay ki kab kraze. Van kab pote kawotchou pou kouvri kay la ak sa k pou kouvri arebò kay la ale. Moso vit ap yon menas, epi kapab gen poblèm nan siyalizasyon komèsyal, lantouray an fè, epi pòt an vit yo.

Gwo branch bwa kab kase epi pyebwa kab tonbe. Lè fil elektrik kase epi poto elektrik tonbe se posib pou pa gen kouran.

Siklòn kategori de:
Van san rete ak vitès 96 a 110 mph, 83-95 kt, oubyen 154 a 177 km/hr. Se van ki trè danjere e ki ap lakoz anpil dega. Kit se moun, bèt nan kay, bèt y ap gade yo tout kab blese oubyen menm mouri akoz de bagay k ap vòltije oubyen bagay k ap sot tonbe.

Ansyen kay ki sou wou (sa yo bati avan-1994) gen anpil posiblite van kab detwi tout kay sa yo. Nouvo kay ki sou wou yo gen anpil chans pou yo kraze. Kay ki fèt ak chapant fèblan epi ki mal bati gen anpil chans pou van pote do kay la ale, espesyalman si yo pa byen ankre. Fenèt yo pa poteje gen anpil chans pou yo kraze lè debri ki ap vòltije frappe yo. Kay ak chapant an fèblan ki byen bati se kay kouvèti do kay la ak kouvèti arebò kay la kab sibi gwo domaj. Kote yo sèvi ak aliminyòm pou fèmen yon pati nan kay la se kote aliminyòm nan kab plwaye. Mi ki fèt an beton men ki pa byen kore kab tonbe. Gen yon gwo pousantaj do kay ak mi kay ki kouvri ki ap sibi domaj. Vit nan gwo bildin byen wo kab kraze. Moso vit ap yon gwo gwo danje, pankad komèsyal, kloti an fè, kouvèti galri, tout kab kraze.

Anpil pyebwa ki pa gen rasin fon kab kase oubyen sot tonbe. Prèske tout kote ap pèdi kouran. Dlo potab kapab vin ra akoz anpil sistèm k ap tonbe.

Siklòn –Kategori twa:
Van san rete ak vitès 111 a 129 mph, 96 a 112 kt, or 178 a 208 km/hr. Van kon sa ka lakòz gwo gwo dega. Gen anpil chans moun ka blese. Gen anpil chans moun, bèt kay ak bèt nan jaden kab mouri akòz debri van an ap pote.

Ansyen kay ki sou wou (sa yo bati avan-1994) tout se kay van sa yo ap detwi. Pi fò nouvo kay ki sou wou ap domaje kote do kay la epi mi yo kab tonbe Kay ki fèt an chapant fèblan ap sibi gwo domaj fenèt yo pa poteje ap kraze akoz de debri k ap vòltije. Estrikti ki izole kab sibi domaj nan bwa ak fè ki fè chapant yo a. Ansyen kay ki fèt an fè kab kraze, epi ansyen kay an beton ki pa byen ranfòse kab tonbe. Gen anpil chans pou kouvèti do kay ak arebò kay yo sibi domaj. Van ap rache anpil fenèt nan gwo gwo bildin byen wo yo. Epi van ap kraze pi fò pankad komèsyal yo, kloti yo, ak tonèl an plastik yo.

Anpil pyebwa ap kase, oubyen y ap derasinen. Pap gen ni kouran ni dlo.

Siklòn –kategori kat:
Van san rete ak vitès 130 a 156 mph, 113 a 136 kt, oubyen 209 a 251 km/hr. Van kon sa ka lakòz move dega. Gen posiblite pou anpil moun, bèt nan kay, epi bèt nan jaden mouri akoz debri.

Prèske tout kay ki bati (avan-1994) epi yon gwo pousantaj nan nouvo kay ki sou wou yo ap demantibile. Kay ki mal bati yo kab pèdi tout mi yo epi do kay sa yo kab tonbe. Kay ki byen bati se kay ki kab sibi anpil gwo domaj kote pi fò nan do kay la kab tonbe epi kèk mi pa deyò kab tonbe. Anpil tèt kay, fenèt kay, ak pòt kay ap kraze. Debri k ap vòltije ap kraze pi fò fenèt yo pa pwoteje epi kraze kèk fenèt ki pwoteje. Ap gen yon pousantaj nan etaj anwo nan kèk bildin ak anpil apatman yo k ap domaje. Ap gen yon gwo pousantaj nan bildin ki fèt an beton sèlman yo k ap tonbe. Bildin komèsyal ki gen chapant an fèblan yo kab tonbe. Van ap rache pi fò fenèt nan bildin ki wo anpil yo, epi prèske tout pankad komèsyal, kloti, tonèl an twal yo ap kraze.

Van ap kase oubyen ap derasinen pi fò pyebwa epi poto elektrik ap tonbe. Bagay sa yo ap izole diferan zòn. Blakawout, tiyo ki koupe pandan lontan se bagay ki kab dire plizyè mwa; pi fò zòn nan pap abitab pandan peryòd sa a.

Siklòn-kategori senk:
Van san rete ak vitès ki plis pase 157mph, plis pase 137 kt, oubyen ki plis pase 252 km/hr. Ap gen gwo dega. Anpil moun, anpil bèt kay, anpil bèt moun gade ap blese oubyen mouri, menm si yo anndan nan kay mobil yo oubyen nan kay ki fèt ak chapant an bwa yo.

Prèske tout kay mobil yo ap kraze nèt kit yo la lontan kit yo fèk fèt. Anpil nan kay ki fèt ak chapant an bwa yo ap kraze. Kouvèti kay, fenèt, ak pòt ap sibi wo domaj. Debri k ap vòltije ap kraze prèske tout fenèt yo pa poteje ak sa yo poteje. Anpil ansyen bildin ki te fèt an fè kab kraze. Pi fò mi an beton sèlman kab tonbe epi pou tout bildin nan tonbe nèt. Do kay ki fèt an bwa ap domaje serye. Gen yon gwo pousantaj bildin endistriyèl ak bildin ki gen anpil apatman yo ap kraze. Prèske tout fenèt nan bildin ki wo anpil yo ap vole ale epi prèske tout pankad komèsyal yo, kloti yo, ak tonèl an twal yo ap kraze.

Pyebwa ak poto elektrik k ap tonbe ap izole sèten zòn. Pàn kouran epi pàn dlo kab dire dè mwa; pi fò zòn nan pap abitab pandan peryòd sa a.

Danje nan siklòn

Lè w rete nan Sidwès Florid chak ane soti premye jen rive 30 novanm gen posiblite pou siklòn pase sou nou. Sezon siklòn ki deja pase yo pa kab pèmèt nou predi sa ki pral rive chak ane. Menm lè meteyològ yo di sezon siklòn nan se yon sezon ki ap "trèz entansif", ki ap "yon jan entansif" oubyen "yon ti jan entansif", onivo aktivite, ris yo toujou rete menm bagay. Se toujou yon sèl siklòn ki kont pou afekte kominote nou an!

Van

Yo kategorize siklòn selon vitès van k ap vante san rete soti 74 mph rive a 157 mph+. Dega van lakòz depann de kòd lalwa sou kesyon bati kay ki an vigè; jan leta byen fè moun suiv lwa sa yo epi depi ki lè leta ap asire moun ap suiv lwa sa yo.

Tonad

Kapab gen tonad nan kouran lapli nan yon siklòn e sa kab lakòz anpil dega. Tonad se bagay yo jwenn nan kadran devan yon tanpèt sou bò dwat la. Tonad sa yo se pa tonad ki entansif menm jan ak tonad ki konn fèt nan zòn mitan Lèzetazini yo, men yo kab fè anpil dega san okenn avètisman.

Gwo vag lanmè

Gwo vag lanmè se dlo lanmè monte ki terib, se gwo dlo lanmè van tanpèt pouse monte nan kote ki sou bò lanmè anvan epi pandan yon siklòn rive nan kote sa yo. Pandan tanpèt la ap rive sou kòt peyi a, nivo inondasyon – sètadi nivo dlo sou tè (oubyen pofondè dlo anwo tè) —sot de 2 pye rive menm 30 pye se bagay ki kab rive nan kotyè yo, epi bò manman rivyè yo nan zòn Sidwès Florid yo. Sa a se kont pou lakoz inondasyon nan pi fò kote moun abite.

Kab gen gwo vag lanmè ki ka touye moun ak vag lanmè k ap frappe zòn kotyè yo e se bagay ki pi danjere move tan sa a kab poze akoz zòn sa yo se zòn tè plat yo ye ki tou pre plaj yo ak mare dlo (tankou gwo rivyè, ti rivyè, ak kanal dlo).. Fondasyon kèk kay kapab efondre akoz presyon y ap sibi anba vag tanpèt ap lakoz tou.

Nivo dlo ki monte rapid pandan tanpèt la se dlo k ap pran tan pou l desann. Dlo ak tè nan zòn nan ap kontamine akoz podui chimik ak dlo sanitè/dlo tourego yo. Pap gen kouran pou yon bon bout tan e menm lè yo fin bay kouran an, gen anpil kay ki pap kab jwenn limyè akoz de domaj kay sa yo sibi nan tanpèt la. Dlo tiyo, si ap gen sa, se pap bagay k ap bon pou moun ni bwè, ni kuit manje, ni benyen ak sa.

Lari yo, manman wout yo, ak pon yo se bagay k ap sibi gwo domaj, oubyen tanpèt la kab menm demantibile yo, akoz gwo dlo k ap desann. Menm wout ki pa kraze yo y ap kouvri ak dlo oswa debri. Menm poblèm sa yo ap bay sekouris yo gwo difikilte pou bay moun sekou nan ka dijans; sa ap agrave sitiyasyon w tou.

Toupatou nan peyi a se kote ki vilnerab pou dlo desann akoz de tanpèt tou depan de lajè tanpèt la ak direksyon li pran.

Gwo lapli

Pandan 30 ane ki sot pase la yo inondasyon dlo dous lakòz plis moun neye pase inondasyon vag van tanpèt pote. Gwo lapli ki gen pou wè ak tanpèt twopikal epi siklòn ki ap deplase tou dousman, oubyen tou ki kanpe an plas, se bagay ki kab podui menm 16 pous dlo lapli nan yon espas 24 a 36 èdtan. Gwo lapli kapab lakòz anpil poblèm sante epi paralize kapasite yon kominote pou l kanpe sou de pye li ankò tousuit.

Lè siklòn oubyen Tanpèt topical ap menase Sidwès Florid

Lè siklòn ak tanpèt twopikal ap apwoche zòn Sidwès Florid la, ajans lokal pou jere ijans kòmanse pare kò yo. Pèsonèl pou jere ijans yo ap kenbe kontak depre ak Sant Nasyonal pou Siklòn epi Biwo Lokal pou Sèvis Meteyolojik o nivo Nasyonal pou yo suiv evolisyon siklòn nan oubyen tanpèt topical la.

Ajans local pou ijans nan zòn ou an ap sèvi ak medya ki nan zòn nan pou li founi aktyalite sou tanpèt la, sou sa nou kab fè pou poteje tèt nou an ka dijans, epi di ki lè pou moun evakye.

Silvouplè tcheke "Enfòmasyon pou ijans lan" nan paj 28 la pou kesyon radyo ak television lokal ak radyo meteyolojik NOAA pou kòd FIPS yo pou konnti kote ou rete a.

Planifye! Prepare! Fè pawòl la gaye!

Chak prentan yo avanse lè a inèdtan, moun chanje pil nan detektè lafimen yo epi nou debouye nou pou nou ranpli enkòmtaks nou a lè. Se lè sa a tou pou w fè plan pou ijans an ka dezas oubyen pou w revize plan sa a. Anpil nan dokiman ou sèvi ak yo pou w ranpli fòm enkòmtaks ou yo enpòtan pou plan ijans an ka dezas ou a. Kreye yon plan ijans an ka dezas sa pa dwe yon bagay ki trakase w ni sa pa dwe yon bagay ki mande yon pakèt tan.

Nenpòt jou ou kab gen kèk lide sou ensidan danjere ki kab rive nan kominote w la e ki kab menase w tou epi kouman pou w ta fè fas ak menas sa yo si yo ta tounen yon ijans toutbon vre. Kle kesyon an se ekri ensidan danjere sa yo epi fason w ap fè fas ak yo.

Planifye!

Chak bon plan mache ak yon bon analiz pou ensidan danjere. "Ki sa ki kab yon menas pou mwen?" Sa depann de ki kote w rete nan peyi a, nan Eta a, epi nan konnti a. Etan yon moun ki abite an Florid premye ris ou se ensidan natirèl: tanpèt, zeklè, dife nan kay, tonad, inondasyon dlo dous, sechrès, dife nan rakbwa, ak siklòn.

Anpil nan menas sa yo rive prèske tout tan e yo konn senpleman mande yon aksyon ki minim (tankou rete lakay ou, retire raje ki alantou kay ou a oubyen restriksyon sou lè ou kab wouze lakou w). Men gen sèten ensidan natirèl ki pa rive souvan men lè yo rive, yo afekte yon gwo zòn epi sa kab menm mande pou ou kite kay al nan yon lòt kay oubyen ale nan yon lòt zòn nan Eta a.

Osito ou fin fè yon lis ki kalite ensidan natirèl ki kapab afekte w, pwochen etap la se detèmine ki sa w ap bezwen fè pou w fè fas ak ensidan natirèl sa yo. Pou "ti ensidan" natirèl ak sa ki abityèl yo sa kab mande tou senpleman pou w chwazi yon kote pou w rankontre fanmi w epi yon nimewo telefòn pou moun nan fanmi w kab telephone sizoka nou ta vin pa menm kote, epi yon kat estratejik pou w evakye lakay ou an ka gen dife, epi fòk ou chache gen yon fanmi, yon zanmi, yon otèl ki tou pre sizoka ou pa ta kab abite nan kay la pou yon sèten tan.

Sepandan pou lòt ensidan natirèl ki pa rive souvan ou kapab gen plis poblèm, sa ap mande plis planifikasyon paske ensidan natirèl sa yo kapab afekte tout kominote w la. Se ka sa yo ki mande pou w gen materyèl sou lamen (tankou manje, dlo, medikaman, eksetera) epi papye enpòtan w. W ap oblije konsidere ki kote ou kapab jwenn refij epi si w gen bèt kay ak ou èske y ap kab rete avè w nan menm kote a. Sa enpòtan tou pou w chache yon kote ou kapab rete la pou yon bon bout tan si kay ou kraze nèt epi resous yo limite nan kominote a apre ensidan an.

Preparasyon!

Anvan w bat je w ou gen tan fin ekri plan w lan. Kounye a ou rive idantifye ki sa w ap bezwen pou siviv ensidan natirèl ou idantifye a; voye je w ozalantou kay ou a. Poze tèt ou kesyon sa a: "Èske nou deja gen pwovizyon nou bezwen yo?" Tcheke gadmanje a, èske gen ase manje pou twa jou, manje moun pa oblije kuit? Si w gen manje moun oblije kuit, èske ou gen yon fou a gaz oubyen yon recho chabon ou kab sèvi ak li deyò a pou kuit manje?
Pandan w ap tcheke lis sa w ap bezwen yo, gade sa ou kab achte tanzantan pandan ane a pou w pa oblije fè tout depans yo yon sèl kou.

Gaye pawòl la!

Ou gen yon plan. Ou fin fè envantè sa w ap bezwen yo epi w ap prepare w. Kounye a ou mèt gaye pawòl la nan yon chita pale ak fanmi w konsènan plan ijans pou dezas la. Pale de plan pou chak tip ensidan, sa pou moun fè nan chak ka, epi dokiman enpòtan ki tankou plan an li menm epi ki kote pwovizyon yo ye. Pa bliye pou w enkli nenpòt fanmi ouswa zanmi ki gen yon wòl pou li jwe nan plan an nan konvèsasyon sa a. Ankouraje kolèg ou, zanmi w ak lòt moun nan fanmi w pou yo pran yon ti tan pou yo ekri plan ijans pou dezas pa yo. Repase plan ijans pou dezas nan kote w ap travay la pou w sèten ou konnen sa ou ap oblije fè si ta gen yon ijans e si sa kab afekte plan ijans pou dezas pou fanmi pa wou.

Planifye √ (wi)
Prepare √ (wi)
Gaye pawòl la √ (n ap travay sou sa)

Ki sa pou fè kounye a?

Jwi tout sa Sidwès Florid kab ofri wou chak jou, eseye plan ijans pou dezas ou a ak fanmi wou omwen yon fwa pa ane. Pase men nan plan ijans pou dezas ou a omwen chak ane pou fè chanjman oubyen pou w ajoute sa k pou ajoute. Epi lè gen ensidan plan w lan deja prevwa, sèvi ak plan an. Lè gen ensidan ki ap menase kominote ou a, **tande Ajans local pou jere ijans lan nan zòn ou an** epi mete plan ijans pou dezas ou fè pou fanmi w lan an aksyon.

Sa k pi enpòtan an **se pou w evakye lè Ajans lokal pou jere ijans lan òdone w pou evakye**. Epi ak ajans lokal pou jere ijans lan pou ede w ak plan ijans pou dezas pou fanmi wou, epi mande yo si yo gen yon fòmilè ou kab itilize ki ka fè sa pi fasil pou ekri plan w lan.

Si w gen yon moun nan fanmi w ki nan Yon ALF oubyen nan yon kote yo pran swen ti granmoun, sa enpòtan pou w konnen plan kote sa a genyen an ka ijans sa yo.
Konesans pa kont pou poteje w, pwoteje fanmi w, ak kay ou. Ou oblije mete enfòmasyon sa yo o sèvis ou. Pa tann tanpèt la prèske rive sou wou, lè sa a li kab deja twò ta!

Prepare yon bwat ki gen sa w bezwen an ka ijans

Kouman pou w prepare yon bwat pou met afè w pou ensidan danjere sizoka ta gen ijans

Prepare bwat pou w deplase ak li

Lè gen yon bwat sou lamen ki kab ede w ou menm ak fanmi wou siviv apre yon yon tan ijans se yon bagay ki esansyèl nan kontèks preparasyon.

Se pou w reflechi sou mat`ye de premye nesesite w ap bezwen tankou: dlo fre, manje, lè fre, ak chalè. Mete povizyon w yo nan yon bagay ki pòtab ki tou pre pòt desòt a epi fe egzaminen sa ki ladann kèlke fwa nana ne a.(Lè yo chanje lè ak lè you retounen nan lè nòmal se yon bon fason pou ede w sonje fè sa!)

Kòmanse prepare bwat la nan revize lis ki anba a pou w wè sa a bezwen. Pa kite sa fatige w. Pa depanse twòp pou sa; chwazi ou kab pran youn oubyen de item chak fwa ou al achte.

Manje ki nesesè

- Dlo pou w bwè: 1 galon pou chak moun pa jou: kont pou 3-7 jou
- Manje nan bwat ki bon pou sa ou fèt pou w manje pa jou.: kont pou 3-7 jou
- Yon ovrebwat manyèl ou byen bwat manje ak veso ou kab ouvè ak men w.
- Ji/soda/kafe oubyen te
- Papye selofàn/sache ak zip/ sache pou fatra
- Asyèt katon,goblè, ak papye aliminyòm
- Yon glasye kou kenbe manje fre ak glas
- Brikè/ alimèt, chodyè ak kaswòlLighter/matches,kaswòl /chodyè
- Fou pou kan oubyen gri pou kuit manje deyò sèlman!

Itèm pèsonèl yo

- Sak pou dòmi, zòrye, len
- Chèz pou gazon, chèz pliyant, kad, ak chèz pou gazon
- Ijyèn pèsonèl(bwosadan, savon, deyodoran, bagay pou pwòpte fo dan, eksetera)
- Lis kote pou w kontakte pou jwenn enfòmasyon si gen yon ijans
- Preskrisyon ak lòt medikaman
- Linèt de rechanj, antiy pou je, likid pou pwòpte yo
- Pil de rezèv pou fo zòrèyExtra
- Bagay ki nesesè pou tibebe(kouchèt, lèt nan bwat, rad an rezèv, eksetera.
- Padsi/ parapli, rad pou chalè ak rad pou fredi.
- Soulye k kouvri òtèty (men pa sandal).

Materyèl Sanitè/Bagay pou pwòpte

- Dlo pou pwòpte
- Klowòks san sant pou dezefekte do
- Gan an plastiks
- Tisi ijenik epi savon likid pou lave men
- Papye twalèt, papye kizin, ak lòt materiel sanitè
- Mas an papye(Mas pou pousyè0
- Diferan kalite podui pou pwòpte ak podui pou dezenfekte
- Bale, mòp, ak twal , ranyon
- Bokit ak kouvèti ki byen sere kòm vaz

Bèt yo gade nan kay ak bèt pou sèvis

Dlo: yon galon pa jou pou chak bèr: kont pou 7 jou.

- Kaj oubyen bagay pou w pote chak bèt
- Manje ak goute pou bèt yo
- Jwèt ak bagay pouf è yo santi yon konfòtab
- Bagay pou pwòpte
- Dosye vaksinasyon ak foto bèt yo

Ekipman debaz pou prevansyon

- Yon radyo NOAA
- Yon bwat materiel premye swen ak ti liv enstriksyon yo
- Yon telefòn fiks(ki pa bezwen ni pil ni elektriste).
- Yon televizyon ki mache ak batri, radyo ak pil, epi revèy ak pil
- Flash
- Pil de rezèv
- Baton limine(pou ranplase balèn)
- Siflèt (pou w mande sekou)

Zouti debaz

- Yon bwat zouti (mato,hammer, kle, tounvis, pens, eksetera)
- Zouti espesyal pou valv dlo ak gaz, eksetera
- Pwela ak eyè oubyen plastic laj pou w woule
- Diferan bagay pou kloure: vis, klou, ak lòt bagay kon sa.
- Adezif endistriyèl
- Gan an kui pou travay

Bagay anplis

- Kle anplis (pou kay, machin, ouswa bato, eksetera)
- Papye enpòtan
- Pyès idantifikasyon (lisans, kat asirans, eksetera)
- Lajan papye, kat kredi, monnen, chèk Cash, credit cards, coins, checks
- Kat telefòn
- Plim, kreyon ak papye
- Kat jewografik ak plan pou evakiyasyon
- Bagay ki chè a wou, foto, eksetera
- Liv, jwèt, ak lòt divètisman ki pa fè bri

Materyèl medikal

- Materyèl medikal ak materiel dasistans
- Yon glasye ak pake glas si yon medikaman fèt pou li glase
- Braslè medical pou idantifye kondisyon medikal ou a.
- Nesesite ki mache ak kondisyon sa yo

Koumman pou w dezenfekte dl oak klowòks

Sèvi ak klowòks epi yon konngout: pou chak nèf kantite dlo mete yon menm kantie klowòks kòm dezenfektan. Mete 16 gout klowòks nan yon galo dlo se yon bagay ki pou fèt nan ka gen ijans. (pa sèvi ak klowòks ki gen sant lan, oubyen ki chanje koulè, oswa klowòks ki gen lòt podui chimik ladan yo).

Bwat resous materiel sa se yon bon premye pa selon sitiyasyon ou ladann nan, ou kab plis materiel pase oubyen mwens pase sa. Yon lòt bonlide se si w ta sèvi ak yon resipyan oubyen yo malèt ki gen wou pou w kab deplase avèk bagay dijans ou yo.

Sekouris yo kab pa kab vin chache ou imedyadman apre yon dezas. Lè prepare pou sa sa vle di ou deside pou w siviv yon siklòn.

PARE BATO W POU YON SIKLÒN

Prekosyon mèt bato dwe pran
Bagay ki kle pou w pwoteje bato w avan yon siklòn oswa nenpòt move tan se planifye byen planifye, se prepare w byen prepare, epi se aji alè. Lis prekosyon sa yo se sijesyon yo ye sèlman.

Chak mèt bato bezwen plan pa li pou bato pa li, pou jan batiman navige nan zòn li an, ki kalite move yo konn abitye genyen nan zòn nan epi ki kote batiman al pare move tan. Tande sa biwo lokal pou jere ijans lan ap di sou kesyon espesifik sou evakiyasyon pou bato.

Pa rete nan bato a!

Nan nenpòt siklòn van yo kab depase vitès 100 mil pa è (mph), epi tonad se bagay ki toujou mache ak mòd tanpèt sa yo. Premye bagay ki pou fèt se pwoteje lavi moun.

1. Avan sezon siklòn nan, prepare yon plan pou w kwochte bato a byen kwochte nan pò a. Si yo pèmèt ou fè sa wete bato a nèt nan zòn tanpèt la menase a, oubyen al mete l yon kote yo konn abitye met bato lè gen siklòn. Avan sezon siklòn nan, mete plan ou genyen an an pratik pou w sèten sa ap mache.
2. Fè aranjman ak yon zanmi pou li egzekite plan w lan pou wou si w pa ta la ditou.
3. Tcheke bay ou genyen ak marina a oubyen aranjman ou te fè pou lwe kote w met bato a. Chache konnen responsablite pa w ak responsablite marina a nan sa.
4. Mete tout dosye w yo ansanm, san w pa bliye papye asirans, yon dènye foto bato a, bay ou te siyen pou bato ak marina a oubyen kote w mete bato a. Fò w gen nimewo telefòn otorite ki an chaj bagay kon sa (tankou moun k ap sipèvize pò, gad kòt, ajan asirans lan, eksetera) epi kenbe tout dosye sa yo sou lamen.
5. Se pou w fè yon envantè tout sa ou retire nan bato a epi tout sa w kite abò bato a.
6. Bagay ki gen valè se bagay pou yo make byen make kon sa pou yo kab idantifye yo fasil si tanpèt la gaye yo. Make non mèt bato a sou ram bato a, sou vès sovtaj yo, kannòt sovtaj yo, eksetera. Ak sa y ap kab kontakte w si yo ta rive jwenn bagay ou yo apre tanpèt la fin pase.
7. Lè yon siklòn ap vini epi apre ou fin jete lank oubyen ou fin mare bato a oubyen ou fin mare pwovizyon yo, wete tout bagay ki kab deplase, tankou twal, vwal, ti kannòt sovtaj yo, radyo, kousen, bimini ak vwal ki woule yo. Mare tout bagay ou pa kab retire tankou ba gouvènay bato a, wou yo, wheels, bòm yo, eksetera. Koupe kouran abò bato a amwenske ou fè lide kite bato a sou dlo a, epi retire batri a ak tank gaz pòtab yo pou w evite ris dife ak lòt domaj nan bato a.

Bato ki sou trelè

1. Se pou w sèten machin pou remoke bato a kapab remoke bato w la byen remoke. Tcheke wou, woulo bi, aks trelè w la pou wè si yo an bon eta.
2. Depi bato a yon kote ki an “sekirite”, mare bato a nan machin k ap remoke l la epi mete blòk ant chasi trelè a ak aks ki anndan chak wou trelè a. Mèt bato ki lejè yo, lè yo fin pale ak mezon ki fè bato a, kab deside retire apeprè mwatye nan kantite lè ki nan wou yo epi plen bato a ak dlo a en tyè pou dlo a kab ankre bato a. (Blòk yo ap evite domaj nan resò yo akòz pwa dlo a yo vin ajoute a.)
3. Mare bato w la ak kab ki epè epi nan poto ki byen ankre. Eseye chwazi yon kote ki pèmèt ou mare bato a nan kat pwent, paske van siklòn fè laviwonn epi yo chanje direksyon. Ou kab mare bato a nan kwòk ki ankre atè a. Sonje pyebwa se bagay van siklòn lage atè souvan.

Bato ki pa sou trelè nan remiz ki pa nan dlo
Lè w ap chwazi yon kote ki an “sekirite”, fò w konsidere si gwo vag lanmè kapab monte nan zòn nan. Pa janm kite yon bato sou yon lif ki gen yon ponp idwolik.

Bato ki pa sou trelè ki nan yon remiz sou dlo
Mèt yon gwo bato, ki dabitid konn mare nan yon poto akostaj, gen twa opsyon:

1. Mete bato a an sekirite nan poto kote yo mare bato sou waf la.
2. Mare bato a nan yon kote ki an sekirite ou te deja idantifye.
3. Deplase bato a.

Chak aktivite sa yo mande yon estrateji apa. Gen yon lòt altènatif, men se pa yon altènatif yo konseye moun sof pou gwo gwo bato komèsyal. Altènatif sa a se kouri pou tanpèt la. Yon mèt bato kab konsidere altènatif sa a, si gen tan ase pou l wete bato a nan wout siklòn nan.

Bato k ap rete nan zòn kote bato ka rete sou waf la

1. Double kòd yo. Enstale kab resò ki kwaze yo devan epi dèyè.
2. Mare kab yo wo nan gwoup poto yo pou si dlo ta monte oubyen ta gen gwo vag lanmè. Se pou w sèten kab yo pap demare nan gwoup poto yo. Enspekte gwoup poto yo epi chwazi sa ki parèt pi fèm epi ki pi wo epi sa yo byen enstale. Plis kòd ki mare bato a pi long se plis bato a ap kab flote lè gen gwo lam lanmè. Li trèzenpòtan pou w double kab yon an tout kòd epi sèvi avè bagay ki pou evite kab chofe nan tout pwen kote k ap fwote ansanm.
3. Mete defans pou poteje bato a lè l ap fwote ak pilye a, gwoup poto yo epi lòt bato.
4. Evalye jan manman kranpon yo, manivèl ak chòk yo tache. Sa yo se bagay ki dwe genyen bon jan plak pa dèyè epi yon bon kantite boulon an asye ki pap wouye e ki diferan dimansyon.
5. Batri yo dwe chaje byen chaje. Se pou yo tcheke yo pou yo kab sèten y ap mache yo kab fè ponp ki nan fon bato a yo mache pandan tout tanpèt la. Fò w ta konsidere achte batri de rechanj. Etenn tout bagay ki ka boule kouran sof ponp nan fon bato a.

ENSIDAN MOVE TAN EL NIÑO AK LA NIÑA

Ki sa El Niño ak La Niña ye?
El Niño and La Niña se sistèm meteyolojik ki trè konplike ki soti nan varyasyon nan tanperati oseyan yo nan zòn pasifik la sou liny ekwatè a.

El Niño ak La Niña se de faz opoze nan sa yo rele Osilasyon (Monte-Desann) nan seksyon sid sik El Niño a (**ENSO**). Tèm sik **ENSO** se yon tèm syantifik li ye; yon tèm ki dekri monte desann nan tanperati ant dlo oseyan ak atmosfè a nan zòn santral-ès oseyan Pasifik la sou liny Ekwatè a. Se prèske ant liny entènasyonal pou dat la epi 120 degre a lwès.

La Niña se sa yo rele pafwa faz frèt nan sik ENSO a epi El Niño se faz cho a nan sik ENSO a. Devyasyon ki depase tanperati nòmal sifas dlo sa yo se devyasyon kab rive fè gwo efè sou posesis oseyan yo, men tou sou kesyon tan ak klima o nivo mondyal.

Aktivite El Niño ak La Niña yo se bagay ki dire nèf a 12 mwa, men sa kab dire plizyè ane tou. Malgre frekans evènman meteyolojik sa yo konn pa regilye, an mwayèn El Niño ak La Niña se bagay ki konn rive chak peryòd 2 an a 7 an. An jeneral, El Niño rive pi souvan pase La Niña.

El Niño
El Niño vle di *ti gason an* oubyen pitit Chris la an panyòl. La Niña se yon fenomèn kèk maren te premye rekonèt sou zòn sid Amerik la nan zòn 1600 kon sa, lè sa a dlo nan Oseyan Pasifik la te cho anpil. Yo te chwazi non selon epòk li te parèt la (nan mwa d desanm kon sa) nan epòk sa yo dlo oseyan an trè cho.

Tèm El Niño a se yon tèm yo itilize pou yo pale de entèraksyon klimatik a gran echèl ki te gen rapò ak ogmantasyon tanperati nan dlo ki nan sifas dlo lanmè yo nan zòn santral ak zòn santral-ès sou liny ekwatoryal Pasifik la.

An jeneral efè El Niño yo pi vit devlope nan pati Amerik di nò a lè mwa ivè yo pral rive. Fenomèn sa yo mennen tanperati ki pi wo pase sa k konn genyen nan zòn lwès ak sant Peyi Kanada, epi nan pati nòdwès Peyi Etazini. Sa kab mache tou avèk kondisyon kote gen plis lapli nan zòn gòf Meksik la ak Eta Florid la, pandan lapli pa tonbe twòp nan zòn vale Owayo epi nan zòn Pasifik nòdwès la lapli pa prèske tonbe. Lè gen El Niño konn gen anpil move tan, epi sa menn plis aktivite tònad ki rive atè nan zòn sid Peyi Etazini.



La Niña
La Niña vle di *ti fi a an panyòl kèlke fwa yo konn rele l Èl viejo, revè-El Niño*, oubyen tou senpleman "yon kout fredi".

Epizòd La Niña yo se epizòd kote gen yon peryòd tanperati a pi ba pase sa li konn ye a an mwayèn nan dlo ki nan sifas oseyan an nan zòn santral-ès sou liny ekwatoryal la nan Oseyan Pasifik la.

Onivo global efè La Niña yo se efè ki opoze ak pa El Niño yo nan zòn twopik yo. Varyasyon nan tanperati dlo oseyan yo nan La Niña se varyasyon kote nan epòk ivè tanperati yo pi wo pase sa tanperati ki konn abitye ye. Varyasyon nan tanperati nan epòk La Niña yo se varyasyon ki gen tandans pou yo opoze sa tanperati yo konn ye nan epòk El Niño yo.

Nan ane La Niña, ann ivè tanperati yo pi cho pase sa yo konn abitye ye nan zòn Sidès Peyi Etazini epi tanperati yo pi ba pase sa yo konn abitye ye nan Nòdès Peyi Etazini. Sa kab vle di tou gen yon ogmantasyon nan sechrès nan zòn sa yo.

*Sous: NOAA
http://oceanservice.noaa.gov/facts/ninonina.html

EVAKYE – RETE KOTE W YE A – PRAN ABRI KOTE W YE A … KI DIFERANS KI GENYEN???????

EVAKIYASYON POU SIKLÒN- Lè Manm komisyon Konnti a lanse yon apèl pou preparasyon pou **EVAKIYASYON** pou yon siklòn ki pral rive, ou fèt pou w konnen nan ki zòn kay ou a ye, epi wout evakiyasyon yo ba wou! Enfòmasyon sa a se enfòmasyon ki nan kat jewografik nan paj ki nan mitan gid sa a.

ENSIDAN KI PA GEN ANYEN POU WÈ AK MOVE TAN- Siklòn se pa sèl menas Lee County Kab fè fas ak li. Gen anpil lòt sitiyasyon kote nou pa ta rekòmande moun pou yo evakye. Paregzanp: si gen yon k ap tire nan lari a, ou kab tande yon apèl ki mande pou w **RETE KOTE OU YE A**. Apèl sa a vle di: Pou w klete pòt ou fèmen fenèt ou, epi pa al okenn kote an plennè kote ou kab vin yon viktim. Se menm jan an tou yo kab mande w pou w **PRAN ABRI KOTE W YE A (SIP)**. Abri an plas yo (SIP yo) se abri yo rekòmande lè gen yon menas ki nan lè a. Paregzanp si ta gen yon teyoris ki gen yon zam chimik, radyoaktif, oubyen yon zam biyolojik, oubyen si te gen yon aksidan tren oubyen aksidan oto oubyen yon aksidan ki gen pou wè ak transpò materyèl toksik, yo tap voye yon SIP (yon apèl pou w Rete an plas). Sa vle di rete kote w ye a, epi fèmen fenèt, fèmen pòt, fèmen tout èkondisyone, sistèm chofaj nan kay la. Sistèm è ki fè lè sikile nan kay kab rale lè ki kontamine antre nan kay la epi sa kab yon menas pou moun ki anndan kay la. Si sa posib kouvri tout pòt, tout fenèt, tout kote lè antre nan kay la ak plastik epi tepe yo ak dòktep pou asire okenn lè pa rantre nan kay la.

Abri pou popilasyon an epi Abri pou bèt kay

ABRI POU POPILASYON AN

Ki sa ou dwe konnen: Lee County, ak kèk lòt zòn nan rejyon Sidwès Florid la manke abri. Si w gen yon kote ki an sekirite pou w chache refij konte sou altènatif pa w la olye ou konte sou abri piblik yo. Abri piblik yo ofri sa moun bezwen pou yo viv sèlman. Yo pa kab ofri w okenn sèvis ki pre wou oubyen okenn liks. Se pa otèl yo ye! Kab pa gen kouran nan yon pati nan tan w ap rete nan abri a. MEN, si ou pa gen oken kote ki kab ofri w sekirite pou yon ka kon sa, abri yo ap ouvè!

Bèt yo antrene pou ede moun ap kab rete nan tout abri. "Bèt yo antrene pou ede moun" se chen ak ti cheval yo antrene pou yo ede moun oubyen fè kèk travay pou mèt yo, ki pa senp bèt yo gade nan kay.

Pa bliye yo pa aksepte moun vin ak zam, yo pa vle moun fimen, ni bwè alkòl nan abri yo ditou.

Kouman pou w prepare tèt pou al nan yon abri: Se pa tout abri ki ouvè pou tout tanpèt. Se abri pa sou chemen tanpèt la ki ap ouvè sèlman. Si kote w rete a nan zòn evakiyasyon an, abri ki tou pre w la nan zòn evakiyasyon an tou, epi li pa tap bon pou w al la. Radyo ak televizyon nan zòn lokal yo va anonse ki abri ki ouvè.

Ou kab jwenn lis abri nou yo nan lis la nan kat jewografik ki nan mitan gid la.

Ap gen manje ak dlo men kapab gen yon ti reta nan kòmansman an. Si w ta vle kèk manje espesyal oubyen ou ta bezwen kèk manje espesyal pote yo ou menm!
Anba a, w ap wè lis bagay ou ta dwe fè lide pote lè w prale nan yon abri a:

- Dlo potab
- Bagay pou w pase nan bouch/manje espesyal
- Chèz ki kage ak kabann ki woule
- Liv, bwochi ak gadjèt elektwonik ki gen kònè
- Medikaman (preskripsyon ak medikaman moun achte san preskripsyon)
- Rad de rechanj /bagay pou ijyèn pèsonèl ou

Nan abri a: Lè w rive, al kot anplwaye yo pou w enskri. Si w ap kite abri a, fè anplwaye yo konn sa. Pou pwoteksyon ou sa bon pou w fè konnen ki kote ou ye.

Lè w gen yon atitid ki pozitif se yon bagay k ap ede tout moun. Si w oblije al nan yon abri se deja yon tèt chaje. Abri yo kab plen moun, yo kab chaje ak bri epi anpil pale fò. Si w montre w gen konpreyansyon sa ap ankouraje lòt moun pou yo aji menm jan an. Epitou ofri sèvis ou kòm volontè pou ede staf abri a.

Tande enfòmasyon ofisyèl sèlman. Pa al nan gaye nouvèl ki pa laverite oswa antre nan fè tripotay. Mande staf abri a pou eklèsisman, si sa nesesè.

ABRI KI POU BÈT YO GADE NAN KAY

Tout sa ki kab rive nou kab rive bèt kay yo tou epi yo gen menm nesesite avè nou. Kounye a, pa gen anpil abri pou bèt kay. South Fort Myers High School se kote yo chwazi kòm abri pou resevwa moun ak bèt kay yo nan Lee County. Abri sa a se Lee County Domestic Animal Services k ap jere li epi se moun ki vin an premye k ap jwenn plas. Ou pa oblije enskri davans.



Meyè plan evakiyasyon pou bèt kay ou a se chèche yon kote ki pa nan zòn ou a ki asepte moun ki gen bèt kay, ou ta dwe gen menm plan an pou tèt pa ou (paregzanp, lakay yon zanmi oswa yon otèl). Gen anpil sit wèb ki kab ede w lokalize otèl ki asepte bèt kay, tankou www.petswelcome.com.

Ou ta dwe gen yon bwat pwovizyon pou bèt ou gade nan kay la, ki gen bagay sa yo ladan:

- manje ki pap gate
- dlo
- medikaman,
- yon bon kaj pou pote l ki konfòtab pou kenbe bèt la
- kolye
- kòd pou mare l
- Dosye vaksinasyon ki ajou

Epi kenbe plizyè foto bèt ou a ak ou sizoka ou menm avè l ta vin tonbe de kote diferan.

Mete pyès idantifikasyon nan kolye bèt la epi fè lide mete yon pis elektwonik sou bèt la pou yo kab idantifye li. Kesyon mete pis elektwonik sou bèt la se yon bagay ki ap fè l fasil pou yo idantifye bèt la sizoka ou pa ta nan menm kote ak bèt ou a nan ka yon ijans. Sèvis pou bèt yo gade nan kay ofri yon pwogram pou mete pis elektwonik sou bèt a bon mache pou mèt bèt kay nan konnti a. Ou pa bezwen pran randevou pou sa. Pou w jwenn plis enfòmasyon al sou sit wèb sa a *www.leegov.com/animalservices* oubyen telefone nan nimewo sa a (239) 533-7387.

Men sa pou nou sonje:

- Pa janm kite bèt kay yo deyò pandan yon tanpèt
- Pa janm kite yon chen ak yon chat ansanm menm si yo zanmi
- Kenbe bèt ki piti yo (zwazo, anmstè, eksetera) byen lwen chen
- Bèt danjere se bèt pou yo kenbe nan kaj espesyal
- Nenpòt bèt ki kapab lakòz yon danje se yon bèt yo kapab detwi

Tout abri pou bèt kay ki nan chemen yon siklòn se abri ki kab kraze oubyen dlo anvayi yo. Sonje tou abri sa yo kab san elektrisite oubyen san dlo potab epi yo kab pa gen ase anplwaye oubyen ase pwovizyon pandan plizyè semen apre dezas natirèl la.

Si w gen bèt kay ki ra, tcheke ak veterinè w la pou l sijere w kèk abri pou bèt sa yo.
Si w planifye epi ou prepare w bonè anvan siklòn nan poze yon danje, w ap gen tan pare avèk bèt kay ou a lè siklòn nan rive sou nou.

Moun gen dezabilite ak sa ki gen bezwen espesyal

Moun ki gen dezabilite

Chif yo varye, men sou chak kat moun gen yon moun nan popilasyon ki ap viv ak yon dezabilite. Pafwa siny yo klè, yon chèz woulant, yon chen k ap gide yon moun ouswa baton yon avèg. Men, anpil fwa gen dezabilite moun pa remake. Menm si sa pa vizib, konesans ak bon konsyans mande pou nou aji byen ak moun ki gen dezabilite.

Moun ki gen dezabilite fèt pou pran responsablite tèt yo epi pou yo prepare pou yon ijans. Preparasyon debaz pou pwoteksyon pèsonèl se menm pou tout moun.

Depatman pou jere ijans lan se yon depatman ki yon manm aktif nan reyinyon Komisyon Konsèy ADA a pou kèlke ane pou yo kolabore ak kominote yo epi rive konn ki valè moun nan konnti a ki gen dezabilite e sa yo ka bezwen pandan yon dezas.

Depatman pou jere ijans lan se yon depatman ki ap travay ak ajans ki reprezantan moun ki gen dezabilite yo pou li kab konprann vrè nesesite yo pi byen. Nou fè sondaj sou ajans ki reprezante moun ki gen dezabilite yo pou n kab dekouvri mank ki genyen sèvis yo a, epi nou chache founi bon mwayen kominikasyon. Men kèk nan bagay nou rive adisyone gras ak kolaborasyon sa a:

- EOC ajoute yon Konseye pou moun ki gen dezabilite nan Estrikti Kòmann pou Ensidan nou an. Pou nou kab pran swen nesesite rezidan ki gen dezabilite fizik ak sa ki gen dezabilite mantal.
- Nou adisyone fòmasyon pou moun k ap jere abri pou moun ki gen dezabilite. Fòmasyon sa a se yon fòmasyon moun ki gen dezabilite yo menm te prezante epi sa te gen ladann tou yon egzèsis vizyèl pou moun ki gen difikilte pou yo wè. Egzèsis sa a se yon egzèsis k ap nan tout lòt sesyon fòmasyon n ap fè pou moun k ap jere abri yo.
- Aprezan n ap travay ak reprezantan sa yo sou yon pwojè pou yo al vizite abri nou yo pou yo wè nan ki pwen chak konvenab pou moun ki gen diferan kalite dezabilite. Se yon mouvman ki ap kontinye. Kou nou fini, nou kwè sa ap ba nou enfòmasyon enpòtan pou moun nan kominote nou an ki gen dezabilite.

Lè nou aprann kouman pou nou resevwa moun ki gen dezabilite sa va fè yo santi moun kontan wè yo epi y ap pi konfòtab. Men kèk bagay nenpòt moun kab fè pou mete yon moun ki gen dezabilite pi alèz nan nenpòt sitiyasyon.

- **Pa bliye, moun ki gen dezabilite se moun yo ye tou.** Anvan w ede yon moun, mande l si w mèt ede l. Pa met nan tèt ou yon moun ki gen yon dezabilite bezwen èd ou. Si youn ta mande w èd, mande l ki sa li vle ou fè pou li anvan.
- **Ba yo espas yo merite epi pa manyen yo twòp.** Respekte espas pèsonèl yo epi pa bliye moun ki gen dezabilite anpil fwa yo konsidere aparèy yo sèvi tankou yon pati nan kò yo.
- **Reflechi avan w pale.** Pale avèk moun nan dirèk men pa ak moun k ap ede l la ouswa ak moun ki akonpaye l la. Pale ak yon moun ki gen yon dezabilite menm jan ak yon lòt moun. Mande yon paran oubyen yon moun ki ap okipe timoun nan pèmisyon avan ou pale ak timoun nan.

Nan tout plan ou genyen se pou w idantifye epi se pou itilize tout resous ki disponib. Si w bezwen èd ouswa si w gen kesyon kontakte Ajans pou jere ijans ki nan zòn ou an.

Pogram pou moun ki gen dezabilite

Gen moun ki gen pwoblèm sante yon abri piblik regilye pa an mezi pran responsablite kon sa. Moun sante yo deteryore fasil nan yon abri piblik, epi ki pa gen okenn lòt kote pou yo ale, gen Abri ki founi swen espesyal ki disponib pou yo. Gen moun ki abite nan konnti a ki pa gen mwayen transpò pou yo ale nan abri a. Pogram pou moun ki gen nesesite espesyal yo mete abri ak transpò disponib gratis pou moun ki rete nan Lee County.

Se pou w ranpli yon aplikasyon pou w wè si pwoblèm medikal ou genyen an fè w kalifye pou abri ak swen espesyal, oubyen si w bezwen transpò. Gen aplikasyon ki disponib sou sit wèb sa a (www.LeeEOC.com) ou kab soumèt yo an liny dirèkteman, oubyen nou gen dwa poste youn ba wou. Gen kèk kritè ak règleman espesifik pou fè yon moun elijib pou abri ki bay swen espesyal yo. Fòk ou gen yon moun k ap pran swen ou pandan tan w ap pase nan abri ki bay swen espesyal la. Lè gen yon ijans kantite staf nou genyen an se yon kantite ki limite, ak sa moun k ap pran swen w lan trèzenpòtan pou sante w ak sekirite w.

Kantite abri nan lopital pou moun ki pa kab siviv san yo pa nan yon lopital limite anpil. Doktè k ap suiv ou a fèt pou rekòmande w yon abri nan yon lopital epi bay detay espesifik sou sitiyasyon medikal ou. Abri nan lopital pa bay swen medikal, epi se senpleman yon abri ki la pou w kab rete pandan tanpèt la ap pase. Si w ta bezwen swen medikal pandan tanpèt la ap pase ou dwe fè yo entène w lopital. Lè sa a w ap responsab tout frè lopital la ak tout frè medikal yo.

Tankou nan tout lòt abri, se pou w pote tout pwovizyon ijan ou bezwen yo pou w siviv. Nan nenpòt ka ijan ou dwe gen yon plan pou w konn ki kote w prale sizoka ou pa kab retounen lakay ou akoz dega tanpèt la kab fè. Ap gen manje ak dlo nan abri a. Se yon bon ide pou ta vini ak bagay pou w bwè ak bagay pou w manje sizoka ou ta vin grangou lè manje poko pare. Si w nan yon rejim ki espesyal se wou ki pou pote l avè w.

Lè Lee County vin ap bay tanperati a pou dènye 5 jou yo pou yon siklòn oubyen yon tanpèt, nou sispann ranpli fòmalite pou moun ki gen bezwen espesyal pou nou kab prepare pou nou evakye.

Transpò

LeeTran se sistèm transpò piblik Lee County a. Pogram pou moun ki gen nesesite espesyal yo bay transpò gras ak LeeTran ak EMS pou mennen yo al nan nenpòt abri lè gen evakiyasyon nan Lee County. Depi yo anonse yon evakiyasyon, moun pa peye pou monte otobis piblik yo pandan chofè yo ap travay di pou mennen moun nan abri ki ouvè yo. Wout regilye bis LeeTran yo vin tounen wou evakiyasyon, esepte nan kèk kote.

- wout bis Pine Island nan se yon kous y ap met an mach pou bis la kab mennen moun ki rezide nan Konnti pou yo al nan pwen transfè ki pou mennen yo nan abri yo;
- y ap met yon bis an mach tanporèman pou Sanibel ak Captiva Islands, pou yo kab ede moun ki rete sou zile a ak sa k ap travay la yo;
- y ap mete lòt pwen transfè an mach pou yo kab transfere pasaje ant wout regilye bis yo ak abri yo.

Lè van rive nan 40 mil a lè nèt ale, Lee County ap retire tout machin pou ijans sou wout yo jiskaske tanpèt la fin pase. Sa vle di ni anbilans, ni kamyon ponpye, ni machin polis, ni otobis.

Kontakte Depatman pou jere ijans lan si w ta gen nenpòt kesyon.

Jan pou w sèvi ak dèlko ak prekosyon pou w pran

Lè pa gen kouran anpil moun itilize dèlko pou yo fè konjelatè, frijidè, limyè, ventilate ak lòt aparèy mache. Si w ap sèvi ak yon dèlko sa mande anpil anpil prekosyon. Menm si yo fasilite w epi yo itil, dèlko a kab yon danje ni pou mèt kay ni pou travayè konpayi elektrik yo. Se pou w toujou li rekòmandasyon prevansyon yo ak esplikasyon konpayi ki fè dèlko a bay sou kouman pou sèvi ak dèlko a.

- Monoksid de kabòn (CO) se yon gaz ki san koulè, ki pa gen odè, ki pa gen gou e ki yon pwazon mechan. Li se youn nan gaz ki soti nan mòflè motè dèlko. Moun pa menm remake lè y ap respire gaz sa a, men gaz la ka touye yo.
- Gen detektè CO ki pa koute chè, ki tankou detektè lafimen, yo vann yo toupatou epi yo rekòmande moun itilize yo pa mezi prekosyon.
- Pou n evite anpwazònman akoz Monoksid de kabòn pa janm itilize yon dèlko anndan kay oubyen nan yon garaj ki kole ak kay la. Sèvi ak dèlko a deyò sèlman nan yon kote ki gen anpil lè, nan yon kote ki pa gen imidite e tou ki pa pre lè k ap antre anndan kay la.
- Pou w evite pran nan kouran, ploge chak aparèy nan dèlko a gras ak yon estansyon ki byen rezistan, oubyen yon fil kouran ki bon pou sèvi deyò ak filfè ki bon ase pou vòltaj aparèy la. Pa ploge plis aparèy nan dèlko a pase sa dèlko a kab pran. Sa ap sichaje dèlko a epi domaje li tou. E sa kab kreye yon danje.
- Si dèlko a se yon dèlko yo konekte nan kay la menm, kay la fèt pou li gen yon switch ki pèmèt yo transfere kouran e se yon travay yon elektrisyen ki lisansye dwe fè. Yon switch kon sa se yon switch ki konekte kay la ak dèlko a men ki dekonekte kay la ak kouran poto elektrik la. Switch sa a anpeche kouran sot nan kay la al sou poto kouran an.
- Kouran tounen al sou poto elektrik la lè dèlko a konekte ak panèl elektrik la oubyen sikui kay la dirèkteman. Lè kouran sot nan kay la al sou poto elektrik la lè gen pàn kouran, kouran al nan transfòmatè ki desèvi kay la epi sa kab lakoz yon gwo danje pou elektrisyen k ap travay pou re-branche kouran nan zòn nan, yo kab pa konnen y ap travay ak fil ki cho.
- Pa sere gaz anndan kay oubyen tou pa eseye mete gaz nan yon dèlko pandan l ap mache. Gazolin (ak lòt likid ki ka pran dife) se bagay pou yo sere deyò epi se bagay tou pou yo make sa yo ye sou bidon an. Pa mete yo nan bagay ki fèt an vit, mete yo nan veso ki an sekirite. Pa mete likid kon sa nan garaj kote gen yon aparèy k ap boule gaz.
- Vapè k ap soti nan gazolin kab kouri atè a san ou pa wè sa epi ti dife ki toujou limen pou limen fou oswa entesèl elektrik ki fèt lè yo pase switch yon limyè kab limen gazolin nan. Evite jete gaz sou bagay ki cho. Tiye tout flanm dife oubyen sigarèt lè w ap sèvi ak gazolin.
- Se pou w toujou gen yon ekstenktè pou etenn dife ki plen, youn leta apwouve, bò dèlko a. Pa janm eseye met gaz nan yon dèlko pandan l ap mache.

Itèm	**Kantite wat**	**Wat pou kòmanse**	**Itèm**	**Kantite Wat**	**Wat pou kòmanse**
Manchin pou lave asyèt, sechwa	1450	1400	Aparèy pou ouvè pòt garaj ½ hp	725	1400
Kafetyè elektrik	1750	0	Sechwa pou cheve	300-1200	0
Chodyè elektrik	1300	0	Limyè	Jan sa make sou anpoul la	
Frijidè oubyen frizè	700	2200			
Aparèy pou retire imidite	650	800	Radyo	50 a 200	0
Sechwa elektrik pou rad	5750	1800	Ponp pou pui – 1/3 hp	800	1300
Gri elektrik pou pen 4 tranch	1650	0	1/2 hp	1400	2100
Yon machin a lave elektrik	1150	2300	Pon pou ponpe luil – 1/3 hp	800	1300
Mikwo onn 625 wat	625	800	1/2 hp	1050	2150
Fou elektrik—eleman 6 pous	1500		Televizyon an koulè	300	0
Fè a repase	1200	0	Vakyòm	800	0
Konpitè	720	720	Èkondisyone 10,000 BTU	1500	2200
Aparèy pou chofe dlo	4500	4500	20,000 BTU	2500	3300
Vantilatè 1/8 hp	400	600	24,000 BTU	3800	4950
Vantilatè 1/4 hp	650	1200	32,000 BTU	5000	6500
Vantilatè 1/2 hp	1100	2400	40,000 BTU	6000	7800

Inondasyon

KI POSIBLITE KI GENYEN POU GEN INONDASYON NAN LEE COUNTY?

- Nan Lee County an jeneral sa ki konn lakoz inondasyon se gwo vag lanmè akoz tanpèt ak siklòn. Sa plis afekte zòn tankou Barrier Islands, Estero Bay epi Caloosahatchee River. Kapab gen inondasyon akoz de lapli ki tonbe plis pase sa konn abitye fèt epi akòz dlo k ap koule desann nan drenaj natirèl nan Sid Florid la pou dlo dous rive jouk nan Everglades la.
- Te gen yon evalyasyon fòmèl pou ris inondasyon nan Lee County Depatman Sekirite Piblik Lee County a te fè pou Inondasyon nan kontèks estrateji pou rediksyon lokal.
- FEMA te mete enfòmasyon ajou konsènan pi gwo pwoblèm inondasyon kab bay nan zòn Lee County yo ki poko enkòpore kòm yon pati nan Coastal Discovery Report, yon rapò moun kapab li sou sit sa a: ***www.leegov.com/dcd/flood***. Met sou sa yon moun kapab li yon istwa an detay sou inondasyon nan etid FEMA te prepare an 2008 nan Etid asirans pou inondasyon pou Lee County a.

KOUMAN LEE COUNTY KÒLTE AK IJANS INONDASYON LI KONN GENYEN?

Lee County fè pati asosiyasyon ki rele: National Flood Insurance Program nan depi an1984. Kòm rezilta:

- Mèt pwopriyete nan konnti sa a kab achte asirans pou inondasyon atravè NFIP.
- FEMA ap founi asistans pou dezas nan konnti sa a an ka gen dezas Gouvènman Federal la deklare li menm.
- FEMA evalye ris pou inondasyon nan konnti sa a regilyèman epi li met ajou Kat jewografik pou ris inondasyon yo.

- Met sou sa, Lee County ak tout minisipalite l yo patisipe nan Sistèm Evalyasyon Kominotè NFIP a, yon òganizasyon ki bay rabè sou pri asirans lan tap koute w an jeneral.

CHWAZI SISTÈM AVÈTISMAN OU VLE

- Met sou kominikasyon tradisyonèl atravè radyo ak televizyon epi jounal, Depatman pou Jere Ijans nan Lee County ap avèti chak moun apa si gen danje inondasyon gras ak anpil metòd pou kontakte moun:
  - **Kòd Wouj** – Yon telefòn gratis, yon tèks oubyen yon imel.
  - **LeeAlert pou Ayfòn** – Yon app gratis pou gadjèt Apple yo ki voye avètisman evakiyasyon bay moun nan tan kounye a pandan k gen ijans epi se yon gadjèt tou ki pèmèt moun chache zòn evakiyasyon dapre adrès yo.
  - **LeeAlert pou Enndròy** – You ap gratis pou yon gadjèt Enndròy ki voye avètisman evakiyasyon nan tan kounye a nan ka ijans e ki pèmèt moun chache zòn evakiyasyon pa adrès epi pa GPS.
  - **Facebook** – Paj facebook sa a afiche nouvèl nan tan kounye a konsènan kondisyon ijans epi li toujou ofri enfòmasyon an jeneral pou preparasyon.
  - **Twitè** – Gen de adrès Twitè: @LeeEOC – ki bay enfòmasyon sou ijans ase. @LCEMFL – ki ofri enfòmasyon jeneral sou preparasyon.
  - **IPAWS** – Depatman Sekirite Piblik Lee County a se yon sistèm ki manm entegral Integrated Public Alert Warning System (IPAWS) Alerting Authority FEMA a. Nou kapab itilize sistèm IPAWS la pou alète moun epi avèti rezidan ak vizitè Lee County konsènan ijans grav gras ak plizyè mwayen, tankou Emergency Alert System nan (EAS), Wireless Emergency Alerts nan (WEA), ak National Oceanic and Atmospheric Administration (NOAA) Radyo meteyolojik la.

- Aprann jan pou w patisipe nan tout bagay sa yo sou sit wèb sa a: www.LeeEOC.com.
- Apre tanpèt la:
  - Fè aktivite pou sove moun epi redui domaj la pou la.
  - Pran pèmi pou w fè reparasyon pèmanan.
  - Fè atansyon ak dlo ki anba tè, ak manje ou manje epi ak kesyon dezidrasyon an.

CHACHE KONNEN ZÒN INONDASYON W LAN

- Aprann ki danje inondasyon lakòz, kote dlo kab anvayi epi enfòmasyon sou kat jeyografik sou sit wèb sa a: ***www.leegov.com/dcd/flood***
- Nan paj wèb sa a, ou kab regle koze sa yo tou:
- Ranseye w sou gwo inondasyon ki deja fèt nan Lee County nan Etid sou pri asirans pou inondasyon FEMA 2008 la ak Rapò sou Dekouvèt Postal FEMA a pou 2104.
- Chache zòn inondasyon w lan.
- Telechaje oubyen enprime kat jewografik pou inondasyon epi yon manyèl sou Nesesite obligatwa pou asirans ou dwe pran an. Zòn inondasyon ki make "A" oubyen "V" oblije gen asirans si popriyete a gen yon ipotèk.
- Pran kat pou inondasyon ak sètifika elevasyon FEMA yo nan sant kominotè a oswa nan depatman devlopman kominotè yo*:*
  - Bonita Springs: 239-444-6150
  - Cape Coral: 239-574-0553
  - Fort Myers: 239-321-7000
  - Fort Myers Beach: 239-765-0202
  - Sanibel: 239-472-3700
  - Estero: 239-319-2811
  - Unincorporated Lee County: 239-533-8585 (imel: FIRMinfo@leegov.com).

CODE RED
Keeping citizens informed.

Mete sitwayen yo okouran

Find My Flood Zone

FEMA

Kontakte biwo lokal ou a pou plis ransèyman :

Contact your local jurisdiction office
For more information:
- Bonita Springs: 239-444-6150
- Cape Coral: 239-574-0553
- Fort Myers: 239-321-7000
- Fort Myers Beach: 239-765-0202
- Sanibel: 239-472-3700
- Estero: 239-319-2811
- Unincorporated Lee County: 239-533-8585 or FIRMinfo@leegov.com

INONDANSYON

PRAN ASIRANS POU POPRIYETE W LA

- Pwoteje envestisman w nan propriyete ak byen wou gras ak asirans pou inondasyon.
- Ou pa bezwen mèt popriyete, mèt kay oubyen mèt yon mezon komèsyal pou gen yon kontra asirans NFIP. Kontra asirans NFIP ofri asirans pou moun ki nan lwaye ak sa yo posede.
- Inondasyon se katastwòf natirèl ki komen Ozetazini. Pwogram asirans pou inondasyon o nivo nasyonal la National Flood Insurance Program (NFIP) rapòte gen prèske 20% deklarasyon asirans pou inondasyon se pou popriyete ki nan zòn ki pa gen anpil posiblite oubyen ki pi ba nan kad ris pou inondasyon.
- Pi fò asirans pou popriyete ak viktim pa kouvri domaj akoz inondasyon. Pwogram NFIP, ki yon Ajans pou jere ijans o nivo Federal ap administre se yon biwo ki founi kontra asirans pou inondasyon.
- Asirans pou inondasyon se yon bagay ki nesesè pou ipotèk pou tout estrikti ki nan zòn yo note kòm zòn ensidan inondasyon espesyal & zòn ki gen gwo to ensidan inondasyon kotyè.
- Menm si popriyete w la nan yon zòn ki pa gen anpil ris, pwofite de pri redui sa a pou kontra asirans pou koze inondasyon an.
- Si w pa gen yon ipotèk epi ou pa oblije gen asirans pou inondasyon, reflechi pou w wè si w pa ta pran kontra asirans NFIP kanmèm.
- Mete sou asirans w ap genyen an, sa kab yon avantaj tou, si ou vann kay la ak yon moun kote yo finanse kay la sou baz yon ipotèk. Kontra asirans lan kab al jwenn nouvo moun ki vin mèt kay la, e sa kab rive fè gen anpil frè ki pap nesesè.
- Pou w aprann plis bagay sou koze sa a, al sou sit wèb sa a www.floodsmart.gov oubyen telefone 800-427-2419.

POTEJE MOUN KONT ENSIDAN INONDASYON

- Pase gid pou tout ensidan sa a bay moun nan fanmi w ak zanmi w.
- Pa mete pye w nan dlo kote gen inondasyon. Dlo sa yo kab gen podui chimik danjere, gazolin, petwòl ak dlo sanitè.
- Pou w aprann plis sou sa al nan sit sa a: http://www.leegov.com/dcd/flood/disaster#ProtectPeople epi http://www.leegov.com/dcd/flood/disaster/prep

PWOTEJE PWOPRIYETE W KONT ENSIDAN INONDANSYON

- Mande moun ki responsab pou jere afè kominotè pou plèn inondasyon nan zòn ou an kesyon konsènan asistans pou pwoteksyon pou inondasyon.
- Staf ki nan jiridiksyon w lan kab founi sèvis apa pou tout moun ki enterese nan poteje kay yo kont domaj inondasyon.
- Nan kèk ka yo kab fè yon vizit sou lèlye. Vizit sa a kab mande yon rapò ekri ki bay yon rezime sou poblèm inondasyon an epi ki altènatif yo rekòmande. Analiz yo kab gen koze kon sa ladan yo: mete kay la nan yon nivo ki pi wo, modènize ouvèti pou inondasyon yo, epi fèmen kote ki pou fèmen yo byen fèmen pou redui pri asirans pou inondasyon w ap peye a.
- Ak sit wèb FEMA sa a ou kab aprann ki jan pou w pwoteje konstriksyon ou yo: https://www.fema.gov/media-library/assets/documents/13261

KONSTWI AK YON SANS REPONSABLITE

- Se pou w pran yon pèmi avan w fè yon konstriksyon; tcheke ak jiridiksyon w lan pou w wè si sa ou pral bati a ap bezwen yon pèmi.
- Se pou konn avantaj ki genyen lè w bati pi byen pase nivo leta mande a, jan kay la ap pwoteje w pi byen epi jan pri asirans ou ka pi ba.
- Avan w fè modènizasyon se pou w aprann kèk bagay sou kesyon regleman pou inondasyon ak kòd pou konstriksyon.
- Si popriyete w la nan Zòn danje inondasyon espesyal la, se pou li respekte elevasyon inondasyon de baz ak lòt règleman asirans pou inondasyon onivo nasyonal. Aprann kichòy sou sijè sa yo sou sit sa a: http://www.leegov.com/dcd/flood/firm.
- Reflechi sou ki avantaj sa genyen lè w fè yon konstriksyon ki pi wo pase elevasyon inondasyon debaz la. Si w fè sa se bagay k ap fè pri asirans ou bese epi li ap diminye ris ou pou w ta sibi nan inondasyon.
- Konstriksyon kay agrikòl nan Zòn danje inondasyon espesyal yo (zòn A, AE oubyen V) se pa zòn ki jwenn yon konsiderasyon espesyal nan Pogram NFIP Program pou nesesite obligatwa pou konstriksyon menm si Kòd Konstriksyon Eta Florid la bay konsiderasyon espesyal.
- Ranbleyaj ak konstriksyon se pa bagay leta admèt nan plèn inondasyon leta regilarize amwenske travay la jwenn yon sètifika pou okenn elevasyon.

POTEJE FONKSYON PLÈN INONDASYON NATIRÈL YO

- Poteksyon ak restorasyon plèn inondasyon natirèl yo ak antretyen fose drenaj yo, baraj yo, kanal yo, sistèm dlo sanitè yo ak lòt vwa transpò pou dlo yo ede nou jere dlo ki ap kouri yo epi redui efè tanpèt ak deplasman dlo plat.
- Se travay konnti a ak minisipalite yo pou yo antreteni kote pou dlo pase sou popriyete leta yo, epi popriyetè prive yo responsab pou yo netwaye epi antreteni kote pou dlo pase sou popriyete pa yo.
- Pa bouche pasaj dlo natirèl yo!
- Rapòte tout fose epi tout kanal ou wè ki bouche.
- Si w gen yon kesyon konsènan antretyen yon kote dlo pase kontakte Depatman pou devlopman kominotè pou zòn ou an.
- Pou popriyete ki nan zòn Lee County Ki poko enkòpore yo—sètadi ki poko yon minisipalite—mande pou Action Hotline nan 239-533-9400 oubyen ranpli fòm nan Request for Action Form ouswa sou entènèt www.leegov.com.

PREPARE W POU YON SIKLÒN

Avan siklòn nan oubyen anvan tanpèt la parèt:

- Respekte avi pou evakiyasyon yo.
- Pale de plan pou evakiyasyon w lan ak fanmi w epi ak zanmi w.
- Fè rapò sou tou fose ak kanal ki bouche. Pou w aprann plis koze al sou sit wèb sa a: http://www.leegov.com/publicsafety

KÈK KONSÈY POU DLO AK KOURAN

DLO
Chache kote vàn pou fèmen tout dlo nan kay la nan ka ijans lan ye epi rache tout raje ki bare l. Tcheke vàn nan pou wè si l ap mache. Si vàn nan pa p mache fè yo repare l oswa fè yo ranplase l.

Fèmen vàn nan si w ap kite kay ou avan tanpèt la kòmanse. Sa ap ede minimize dega ki kab fèt anndan kay ou si ta gen yon tiyo ki pete.

Gade ki sa manifakti a rekòmande sou ki jan pou fèmen chofaj dlo a epi kouman pou w debranche li. Gen kèk chofaj dlo ki kab gate si yo pa gen dlo pandan lontan. Chache konn ki kote kouvèti tank septik ou an ye bouch tank septik ou an ye epi retire tout raje oswa tout bagay ki bare l an ka ou yo ta bezwen al ladann. Si pa gen kouran kote yo trete dlo a ap bese kapasite yo pou yo fonksyone. Y ap bese presyon dlo a!

Poutèt y ap bese presyon dlo a epi pou jan y ap fè ponp pou pouse dlo a yo travay mwens, **SA VIN ENPÒTAN ANPIL POU NOU KONSÈVE DLO!** Pa panse paske yo bay kouran nan zòn ou an, sa vle di yo regle kesyon dlo a nan kay ou a ouswa kesyon kouran an nan tout estasyon pou pouse dlo a oubyen nan kote yo trete dlo oubyen nan kote trete dlo moun fin sèvi deja.

- Fèmen tout awozwa otomatik.
- Pa bliye pou remete sistèm irigasyon otomatik ou an mach osito yo bay kouran an.
- Pran yon kanpo nan sèvi ak machin pou lave asyèt ak machin pou lave rad.
- Limite kantite dlo w ap sèvi lè w ap pran douch epi limite kantite dlo w ap sèvi pou w benyen nan basen an.
- Limite kantite fwa ou flòch twalèt la.

Pa fè okenn aktivite deyò ki mande dlo sof si se yon bagay ki nesesè tout bon.

ELEKTRISITE
Yon gwo tanpèt oubyen yon siklòn kab lakoz anpil dega ki kab bay gwo pàn kouran nan plizyè zòn. Fò yo chwazi ki kote ki merite kouran an pi plis anvan yo rekòmanse bay kouran an—y ap kòmanse ak kote ki founi plis sèvis kritik yo:

1. Santral elektrik ki sibi domaj epi ki gen kab sou poto ki koupe, piske fò yo ranje kab sa yo avan yo ka bay okenn kouran lòt kote.
2. Òganizasyon ki bay sèvis kritik nan kominote a tankou lopital ak lapolis epi ponpye vin tousuit apre.
3. Gwo fil elektrik ki desèvi yon bon valè kliyan.
4. Fil kouran ki piti tankou sa ki ap desèvi yon sèl ri.
5. Kay apa ak mezon komès ki apa e ki poko gen kouran.

Pou kesyon limyè sèvi ak lanp ki gen pil oubyen ak limyè ki fèt an fòm ti bout baton yo. Pa sèvi ak balèn.

FASON POU W RETE AN SEKIRITE PANDAN GEN PÀN KOURAN
Lè gen pàn elektrisite, prevansyon se yon bagay ki trèzenpòtan. Men kèk ti konsèy pou ki ede w kenbe tèt ou, fanmi w ou, ak anplwaye wou an sekirite lè pa gen kouran:

- Met nan tèt ou tout kab, tou fil gen kouran epi rete lwen yo.
- Pa pwoche pre kote ki anba dlo ak zòn ki gen anpil debri, paske kab gen fil kouran ki kache la.
- Sèvi avèk dèlko w la deyò epi konekte tout sa ou genyen ki konekte ladan li.
- Si w ap kite kay la, etenn tout aparèy ki te limen anvan blakawout la, oubyen etenn manman switch pou tout kay la.
- Eseye pa kondui nan zòn ki gen domaj yo. Ou kab bare chemen moun k ap travay pou yo sove lavi moun oubyen moun k ap remete sèvis yo an plas. Ou kab mete tèt pa w an danje tou.

Kite liny telefòn yo lib pou moun ki gen ijans. Telefone sèlman si gen yon fil kouran ki kase, oubyen si vwazen w gen kouran epi ou menm ou pa genyen. Pa al nan koupe branch bwa oubyen netwaye fatra ki pre yon gwo fil kouran ki kase. Si w oblije wete kèk debri ki nan kay ou, pa al anpile yo pre oubyen anba kote fil kouran pase sou poto elektrik yo oubyen pre kontè a.

Nenpòt pàn elektrik ou ta gen lakay ou se yon elektrisyen ki lisansye sèlman pou w bay met men ladan. Epi fòk gen yon ajans leta ki enspekte travay la avan yo ka ba w kouran ankò.

Tcheke ti aparèy ki endike move tan an (sou do kay la kote sèvis elektrik ou a konekte ak poto elektrik la) ak bwat an metal la pou w kab sèten yo pa gen okenn domaj.

Si w sispèk gen dlo nan mi anndan kay la oubyen nan plafon kay la pa al manyen plòg elektrik yo chèche yon elektrisyen ki gen lisans pou l repare poblèm nan.

Si w oblije al rete yon kote tanporè sou pwopriyete w la, yon elektrisyen ki gen lisans kapab mete yon poto elektrik tanporè pou wou la. Kou yon ajans ki otorize fin enspekte poto a, konpayi elektrik la kab ba w kouran.

Si w bezwen plis ransèyman kontakte biwo ki jere ijans yo nan konnti ou ye a.

Fason pou w jere yon ensidan twomatik

Planifye davans
Kèlkeswa kriz la, lè w planifye davans dabitid sa ede moun nan fanmi w reyaji ak tèt poze. Fanmi ki travay ansanm pou prepare tèt yo pou tout kalite poblèm, fè fas ak poblèm pi byen pase moun ki pa prepare.

Reflechi sou kouman pitit ou ap reyaji nan ka yon dezas. Ki reyaksyon ou menm ou ta genyen? Kriz la kab afekte chak moun emosyonèlman epi fizikman. Planifye kouman pou w fè fas ak sitiyasyon an davans.

Chita pale ak fanmi w ak zanmi w de plan w avan yon gwo dezas rive. Travay ansanm pou w rive fè tout moun konprann posedi yo.
Di sa k nan kè w
Koute: Lè gen poblèm, lè yon sitiyasyon prezante, pi fò moun bezwen yon moun ki kab koute yo.

Lè w pale de sa ki sot rive a, sa fè w santi koze a pi lejè epi pi fasil pou moun dijere li. Si w santi w yon ti jan tris oubyen yon ti jan deprime ou kab kontakte yon zanmi oubyen yon vwazen, oubyen yon moun nan fanmi w, oubyen pastè a oubyen Rabay, oubyen yon lòt moun ou santi ou kapab pale ak li tankou yon zanmi.

Si gen yon moun ki ta mande w pou li fè yon ti pale ak ou sou yon poblèm, tanpri koute sa l gen pou l di a. Gen de moun ki ap santi yo pou kont yo oubyen ki kab santi yo pè. Gen lòt ki ap blame tèt yo, epi k ap mande tèt yo, “Pou ki sa se mwen sa rive?” Yo pa p vrèman chache yon repons pou kesyon an, men sa y ap di vrèman se “Kouman m ap fè sipòte bagay sa a?” “Kouman m ap kab kontinye ak lavi a?” Ou pa oblije bay solisyon, repons, ak konsèy. Senpleman annik tande epi kite moun ki nan poblèm nan pale.
Bay sipò ou
Kèk fwa kèk moun ki konn fache oubyen ki gen laperèz, pita yo kab vin wont moman sa yo santi. Yo kab santi yo “fèb” oubyen yo “lage twòp chay” sou do w.

Ankouraje zanmi w lan. Fè l konnen sa li santi a se yon bagay nòmal e se bagay tout moun kab konprann. Toujou fè l konnen ou toujou la pou w koute l si li ta bezwen yon moun pou l pale ankò. Ankouraje li reflechi sou yon demen miyò, kote sitiyasyon an ap amelyore.
Si sa enkyete w pou w wè yon moun dezespere epi ou pa santi ou kapab ede l, se pou w fè yon jan pou li wè ak yon pwofesyonèl ki fòme pou sa. Sijere l yon konseye, yon manm nan kominote relijye a, yon travayè sosyal oubyen yon gwoup de sipò ki kab ede l traverse moman difisil sa a.
Kouman ou kab kòlte ak santiman timoun
Sonje sa byen timoun santi lè yon bagay ak boulvèse paran yo. Poze san w pou w pa twò boulvèse lespri piti ou yo.

Lè timoun nan nan yon nouvo sitiyasyon ba l yon jwèt oswa yon liv li renmen anpil pou l met pre li. Sa ede timoun nan santi li pi an sekirite.

Lè gen yon pwoblèm ki prezante, yon timoun nan kab aji tankou yon timoun piti. Sa a se yon reyaksyon ki nòmal pou yon timoun ki pa kab rive konprann yon sitiyasyon ki serye tankou yon siklòn.

Pi fò timoun pa kapab konprann dimansyon yon pwoblèm. Se pou w gen konpreyansyon epi se pou w gen pasyans.

Know Your Zone
It's Everyone's Responsibility

Do you know your Evacuation Zone?
Yo pa klase zòn Evakiyasyon yo sou baz kategori siklòn ankò, men kounye a zòn yo pot non Zòn pou evakiyasyon A/B/C/D/E.
Kouman m ka prepare m pi byen?
Al sou sit sa a www.LeeEOC.com pou w jwenn resous sa yo:
1. Klike sou kote ki make "Know My Evacuation Zone" nan ti ba sou ekran an;
2. Epi enprime yon kopi Plan fanmi an genyen pou ijans;
3. Rete an kontak ak nou nan medya sosyal yo pou w kab enfòme w.



Kontak pou ka ijan nan Lee County

Nimewo telefòn ki enpòtan, Kòd rejyonal (239)		
	Lè biwo	Ijans
Lakwawouj Amerikèn (Sikisal lokal la)	278-3401	278-3401
Depatman pou jere ijans Cape Coral la	573-3022	911
Depatman Polis Cape Coral la (Koze san ijans)	574-3223	911
Depatman sèvis finans (Asirans)	461-4001	(800) 22-STORM
Ajans federal pou jere ijans	(800) 621-3362	(800) 462-7585
Divizyon pou jere ijans nan Eta Florid la	(850) 413-9969	N/A
Depatman Polis Fort Myers la	321-7700	911
Sèvis ki okipe kesyon bèt nan Lee County a	533-7387	533-7387
Gouvènman Lee County a	533-2111	N/A
Depatman Sekirite Piblik & EMS nan Lee County	533-3911	911
Depatman pou jere ijans nan Lee County	533-0622	533-0622
Depatman lasante Lee County	332-9501	332-9501
Biwo Cherif la nan Lee County	477-1000	911
Liny telefòn dirèk pou tanpèt nan Lee County Hotline	211	211
Lame di Sali	278-1551	278-1551
NatSèvis meteyolojik nasyonal nan Tampa Bay	(813) 645-2323	N/A
Depatman polis Sanibel la	472-3111	911
Sitiyasyon trafik nan Eta Florida (aktyèlman)	511	511

Pou moun ki rete nan lojman ki sou wou oubyen kay yo manifaktire Depatman pou prevansyon epi pou gran wout & Sikilasyon Seksyon kay yo manifaktire epi Seksyon sèvis sikilasyon 1-850-617-3004 www.flhsmv.gov/mobilehome	**Liny dirèk pou rapòte dife yo mete** **1-800-342-5869** **Yo kab ba w yon rekonpans jiska $5,000 pou ransèyman ki ede lapolis arete moun ki koupab la.**	**Depatman sèvis finansye(DSF), Tallahassee** Si w gen kesyon sou koze asirans oubyen telechaje dokiman pou mèt kay ki bezwen sèvis finansye sou sit wèb sa a 1-877-693-5236 www.myfloridacfo.com # pou Tanpèt: 1-800-22-STORM	**Sant kote pou moun bay san** ***Lee, Glades & Hendry*** Lee Memorial Blood Center (239) 343-2333 Health Park (239) 343-5604 Cape Coral (239) 424-2400 Florida's Blood Centers 601 N Del Prado Blvd, Unit 6 Cape Coral (239) 574-3170 6810 Shoppes Plantation, Ste 8 Fort Myers (239) 425-0953 oubyen **pou w jwenn yon sant nan zòn pa wou rele 1 (888) 9-DONATE**
Videyo sou prevansyon pou dezas **Videyo pou moun ki bèbè k ap pale pou ede w prepare w, al sou sit sa a:** http://www.floridadisaster.org/Disability/video/index.htm	**Ekip pou reponn ak ijans kominotè (ERIK) (CERT)** www.ready.gov/citizen-corps	**Sèvis Prevansyon pou Koze limyè an Florid** www.weather.gov/safety/lightning	
Preparasyon pou tanpèt **Pou w kab konnen ki jan pou vin yon kominote ki pare pou yon tanpèt, tanpri al sou sit wèb sa a:** www.weather.gov/stormready	**Enfòmasyon sou pwazon:** **1-800-222-1222** Si w sispèk yon moun bwè yon podui chimik ki danjere oswa li te an kontak ak sa al kot doktè oubyen telefone 911!	**Depatman sekirite teritoryal** http://www.dhs.gov/	

ZON POU EVAKIYASYON NAN LEE COUNTY, WOUT AK ABRI PUBLIK POU IJANS AK MANMAN WOUT POU

EMERGENCY PUBLIC SHELTERS

Bonita Springs

3. Bonita Springs YMCA – 27200 Kent Rd

Cape Coral

13. Island Coast High School – 2125 DeNavarra Pkwy

Estero

9. Estero Recreation Center – 9200 Corkscrew Palm Blvd
11. Germain Arena – 11000 Everblades Pkwy

Fort Myers

26. South Fort Myers High School –14020 Plantation Blvd
! *Pet Friendly Shelter*

Lehigh Acres

8. East Lee County High School – 715 Thomas-Sherwin Ave
! *Pet Friendly Shelter*
12. Harns Marsh Elementary School – 1800 Unice Ave N
33. Harns Marsh Middle School – 1820 Unice Ave N
20. Mirror Lakes Elementary School – 525 Charwood Ave
31. Varsity Lakes Middle School – 901 Gunnery Rd
32. Veterans Park Recreation Center – 49 Homestead Rd

North Fort Myers

21. N. Fort Myers Academy of the Arts – 1856 Arts Way
34. North Fort Myers Recreation Center, 2000 N. Recreation Park Way

San Carlos

1. Alico Arena – 12181 FGCU Lake Pkwy

Tice

22. Oak Hammock Middle School – 5321 Tice St



**Be Advised: NOT all shelters will be open for every event. The opening of shelters is dependent upon the nature of each specific event.

Source: Southwest Florida Regional Planning Council and Lee County Emergency Management

Lee County Southwest Florida

Map created by Lee County GIS
February 2017

Enfòmasyon sou media & enfòmasyon pou ede w prepare w

E STASYON TELEVIZYON	*SIKISAL*	*SATELIT LOKAL*
WUVF-LP	Univision	2
WINK	CBS	11
WTPH-LP	Azteca America	14
WTLE-LP	Unimas	18
WBBH	NBC	20
WZVN	ABC	26
WGCU	PBS	30
WFTX	FOX	36
WWDT-CA	Telemundo	43
WXCW	CW	46
WRXY	CTN (Religious)	49
WLZE-LP	Univision	51

Radyo – FM					
WJIS	88.1	WOLZ	95.3	WHPT	102.5
WBIY	88.3	WRXK	96.1	WJGO	102.9
WDLV	88.7	W243BM	96.5	W277AP	103.3
WAYJ	89.5	WINK	96.9	WXKB	103.9
WGCU	90.1	W247AQ	97.3	WSGL	104.7
WSOR	90.9	WTLQ	97.7	WCVU	104.9
WJYO	91.5	W251AL	98.1	WBTT	105.5
WMYE	91.9	WLVO	98.5	WJPT	106.3
WFSX	92.5	WWCN	99.3	W294AN	106.7
WIKX	92.9	WZJZ	100.1	WCKT	107.1
WWDH	93.3	W263BI	100.5		
WXNX	93.7	WAVV	101.1		
W251BX	94.1	WWGR	101.9		
WARO	94.5	W272BM	102.3		

RADYO – AM				
WQAM	560	WFWN	1240	
WAFC	590	WNOG	1270	
WAQI	710	WCRM (Spanish)	1350	
WJBX	770	WMYR	1410	
WWBA	820	WWCL (Spanish)	1440	
WINZ	940	WAFZ	1490	
WKII	1070	WCCF	1580	
WJUA	1200	WCNZ	1660	

RAYO METEYOLOJIK NOAA

Radyo meteyolojik NOAA yo bay nouvèl 24 sou 24 sou sitiyasyon aktyèl epi previzyon yo fè sou kondisyon tan an. Kòd sa ki se kòd idantifikasyon oubyen FIPS pou Lee County ak Konnti ki pre nou yo.

Fort Myers Kanal 4 (Channel 4 (162.475 MHz)) Lee – 012071

Collier –012021, Desoto – 012027, Charlotte – 012015, Hendry – 012051

South Florida Water Mgmt Dist. (800) 432-2045 (Florida only)	East County Water Control Dist. (239) 368-0044

Sistèm drenaj yo mande antretyen

Lee County gen yon sistèm kanal, fose, ak chemen yo fè pou kanalize dlo k ap sikile. Sa enpòtan anpil pou moun pa bouche diferan pakou dlo sa yo ak debri epi ak fatra paske sa kapab bare wout dlo k ap sikile pandan yon inondasyon.

Pou rapòte yon poblèm drenaj nan lokalite ki enkòpore yo telefone Depatman travo piblik nan vil kote ou ye a. Nan zòn ki poko enkòpore yo, telephone Lee County, DOT nan **(239) 533-9400** oubyen imèl nou nan rfa@leegov.com. Apre 5:30 p.m. oubyen nan wikenn telephone nan **(239) 533-3626.**

Pinga yo lage debri ak fatra nan sistèm drenaj la oubyen fè yon chanjman kèlkonk ladan ni—se bagay ki kont lalwa. Moun ki fè sa se moun pou yo rapòte bay lapolis pou travo piblik.

Lee County kapab ede w redui kantite domaj kay ou kab sibi nan yon inondasyon. Yo va mete w an kontak ak kontraktè ki kalifye pou w kapab pwoteje kay ou oubyen konstriksyon w ap fè. Telefone Divizyon sekirite piblik nan konnti a nan **(239) 533-3911 estansyon 4** pou ede w idantifye epi ede w egzamine diferan fason pou w modènize yon kay ki bati deja ak konsèy sou kouman pou w chwazi ki kote epi ki jan pou w bati yon nouvo kay.

Plis enfòmasyon sou teknik pou rediksyon inondasyon, tankou prevansyon kont inondasyon ak elevasyon se enfòmasyon w ap jwenn sou sit Ajans federal pou jere ijans (Federal Emergency Management Agency): www.fema.gov/hazus/prevent-disaster-losses.

Antre lakay apre yon tanpèt

Pou w antre lakay oubyen pou w antre nan mezon komèsyal ki pa w apre yon tanpèt fò w gen yon pyès idantifikasyon (Lisans, bòdwo elektrik, eksetera). Sanibel/Captiva ak Fort Myers Beach mande pou w pran yon pas pou siklòn nan men vil la.

Asirans

Pi fò mèt kay gen asirans pou asire kay la pou nenpòt dega ki fèt nan kay la. **Sepandan kontra asirans kay sa yo pa pwoteje mèt kay kont inondasyon oubyen dlo ki anvayi yon kay.**

Pou pran asirans pou kay ou pou inondasyon (oubyen dlo ki anvayi yon kay) fòk ou pran yon kontra asirans apa pou inondasyon. Konnti nou an se yon konnti ki kalifye epi ki patisipe nan Pwogram asirans pou inondasyon o nivo nasyonal la. Nou kalifye paske nou Règleman pou bati kay ki sevè e ki ann akò ak Règleman pou bati kay nan Eta Florid la epi ki ann akò ak règleman inondasyon minisipalite yo.

Si w pa gen yon kontra asirans pou inondasyon, tcheke konpayi asirans ou a pou w kab konn konbyen yon kontra asirans pou inondasyon kab jwenn yon estimasyon pou kay ou a ak byen ou gen nan kay la. Pa tann se lè yo fin anonse gen siklòn. Fòk ou tann omwen 30 jou avan yon kontra asirans kont inondasyon antre an vigè, esepte lè w achte yon kay nèf ak lajan ou prete labank. Ou kab jwenn plis ransèyman nan biwo pou jere ijans nan konnti ou rete a.

AVAN TANPÈT LA

Se pou w sèten ou konnen ki kalite asirans ou genyen

Gen kèk amelyorasyon ou te kab fè nan kay la ki ogmante valè li. Se pou si e sèten ou tcheke kontra asirans ou an ak ajan konpayi asirans ou an pou konn pou konbyen kòb asirans lan kouvri w epi konbyen kòb w ap oblije peye ou menm. Fè lide ogmante asirans sou kay la, si sa w genyen an pa ase.

Tcheke kontra asirans ou pou poteksyon w kont inondasyon ak van tanpèt

Sonje sa byen yon kontra asirans pou yon kay pa kouvri dega dlo ki anvayi kay ou lakòz. Si ou ap viv nan yon zòn ki abitye gen inondasyon, oubyen yon zòn yo idantifye kòm zòn inondasyon, pale sa ak yon ajan asirans pou w kab pran asirans kont inondasyon.

Kontra asirans pou kay yo abityèlman yo konn kouvri dega van tanpèt fè—dega van an lakoz dirèkteman, inondasyon akoz dlo van pote vini—se sa yo rele yon kontra asirans pou van tanpèt oubyen lagrèl. Si w bezwen konn si kontra asirans ou an kouvri dega van tanpèt lakoz, kontakte ajan asirans ou an oubyen konpayi asirans lan. Ajan w lan oubyen konpayi asirans lan kab ede w fè chanjman nan kontra asirans ou an epi ede w kalkile konbyen kòb chanjman sa yo ap koute w.

Chache konnen ki sa kontra asirans ou an kouvri ak sa li pa kouvri

Kontra asirans nòmal yo dabitid yo konn mete yon limit ki kantite kòb y ap peye pou bagay moun pèdi tankou bijou ki koute chè, travay atistik, antik, epi lajan. Ou kapab bezwen kontra asirans ou an kouvri w pou plis pase limit ou an.

Si w gen yon kay ki ansyen, w ap bezwen yon asirans pou "lwa ak règleman". Sa a se yon bagay ki ap kouvri tout chanjman yo fè nan règleman yo depi kay ou te bati a.

Pifò kontra asirans pou kay pa kouvri tank septik ki vin twò plen, ni pui, ni dlo twou ego ki anvayi kay ou amwenske ou ajoute yon "asirans diplis" sou kontra asirans ou an pou kouvri mòd dega sa yo.

Mete lis sa w posede ajou

Fè yon lis tout sa ou posede, ekri konbyen yo koute, dat ou te achte yo, ak nimewo manifakti yo, si sa nesesè. Konpayi asirans ou an ap mande w prèv pou pri chak bagay ou ekri. Ou kab konsidere pran Foto fè videyo sa w posede, se yon bon lide. Sa enpòtan anpil pou w mete lis sa a ajou chak ane, ajoute nouvo bagay ou genyen sou lis a.

Pwoteje dosye ou yo

Kenbe yon kopi papye enpòtan w yo tankou papye asirans ou, papye ipotèk ou, papye kay la, papye asirans machin ak asirans maladi, epi kenbe yon envantè tout bagay nan yon kote ki sou lamen. Fè yon lis nimewo telefòn moun ak konpayi w ap oblije kontakte si kay ou kraze. Si kay ou sibi nenpòt dega sa ap nan avantaj ou si w gen enfòmasyon sa yo sou lamen si w oblije kite kay la paske fò w deplase ak enfòmasyon sa yo lè w prale.

APRE TANPÈT LA

Rapòte dega yo ba ajan asirans lan oubyen konpayi asirans lan tousuit

Ajan asirans lan oubyen konpayi asirans lan va ba w yon nimewo pou deklarasyon w lan. Se pou w kenbe nimewo sa a epi pou genyen l sou lamen sizoka ou ta oblije kontakte konpayi asirans lan ankò. Si konpayi asirans lan gen yon "Liny dirèk pou moun fè deklarasyon" pran nimewo sa a tou. Apre sa yon ajan ki reprezante konpayi ap kontakte w, l ap vin fè yon enspeksyon nan kay la pou l gad dega yo. Pran foto tout kote ki kraze nan kay la avan ou fè nenpòt reparasyon tanporè. Kenbe foto sa yo kòm prèv sizoka ou oblije al nan abitraj ak konpayi an pou deklarasyon ou fè a.

Fè reparasyon ijan an yo epi dokimante yo

Kontra asirans ou an gen dwa mande pou w fè reparasyon ijan yo pou w evite gen plis dega ki fèt nan kay la epi nan sa w posede nan kay la. Kenbe tout resi epi pran foto dega ki fèt yo avan epi apre reparasyon ijan yo fin fèt. Ajan pou règleman yo va di w sa pou w fè pou konpayi an ranbouse w pou depans ou fè nan reparasyon ijan yo. Se pou gen yon kopi nenpòt sa ou bay ajistè a oubyen sa ou voye bay konpayi asirans lan.

Pran prekosyon si w oblije kite kay la akòz domaj yo

Mete kay lan an sekirite. Retire tout bagay ki gen valè. Klete ni fenèt ni pòt. Kontakte ajan asirans lan epi kite yon nimewo pou l kontakte w. Se menm mezi sa yo ou oblije pran an ka yo ta mande w pou w evakye anvan yon tanpèt rive. Si w pa kab abite nan kay la apre tanpèt la konpayi asirans lan ta dwe peye w kòb ou depanse pou kote w al abite a. Si w kalifye pou sa. Sere tout resi w yo paske w ap bezwen yo pou konpayi asirans lan kab ranbouse w kòb la.

Piye afè moun

Yo konn piye afè moun nan plizyè zòn apre siklòn. Bandi yo kab pwofite opòtinite sa a pou yo kase kay moun oubyen kase mezon komès moun evakye. Lapolis epi si sa nesesè Gad Nasyonal ap fè tout sa yo kab fè pou diminye piyaj k ap fèt. Mete bijou w nan sachè ki kab al nan frizè nan kòfrefò lakay ou oubyen al avè yo kote w prale a.

Depatman sèvis finansye rekòmande pou chak mèt kay fè yon ajan asirans enspekte kay la avan sezon siklòn nan. Èske m bezwen yon kontra asirans pou inondasyon? Tcheke sa kontra asirans pou van tanpèt kouvri. Èske mwen bezwen plis pase sa? Ki sa kontra asirans pa m nan kouvri? Ki sa l pa kouvri ?
Si w lwe kay DFS rekòmande pou w pran yon kontra asirans pou moun ki nan lwaye pou tout sa ki nan kay la oubyen ki nan apatman an.

Gen gid gratis pou konsomatè ki enkli enfòmasyon pou asirans pou mèt kay ki disponib sou sit wèb nou an ki gen tit: *Consumer Help*. La a tou w ap jwenn yon bibliyotèk ki disponib tou pou reponn kesyon ou genyen yo. Pa bliye pou w telechaje: Dokiman finansye pou popriyetè kay yo www.myfloridacfo.com , ki ap ede w pran desizyon sou baz bon enfòmasyon konsènan kesyon dezas.

Enfòmasyon enpòtan pou kay yo manifaktire ak kay mobil

Prevansyon se bagay ki pi enpòtan an nan preparasyon pou yon siklòn. Pa bliye menm si ou fin mare tout sa pou w mare, menm si kontra asirans ou an kouvri tout sa pou l kouvri, EVAKIYASYON se pi bon fason pou w sove lavi w!

Avan tanpèt la rive mete kay ou an sekirite.

Sa NESESÈ pou mare kay kon sa:
Yo dwe mare kay mobil yo byen mare. Annefè lalwa Eta Florid mande pou tout mèt kay yo manifaktire pou yo mare yo byen mare pou mete kay sa yo an sekirite.

Kay mobil ki pa mare jan pou yo mare se kay ki trè vilnerab devan gwo van. Lè w pran prekosyon ki nesesè w ap asire w kay mobil ou a an sekirite epi moso kay ou a pa pral kraze pwopriyete vwazen w lan. Bagay ki mare kay la se bagay ou dwe tcheke omwen yon fwa pa ane.

Asirans pou van tanpèt:
Lwa Eta Florid DEFANN yo vann asirans pou van tanpèt pou kay yo manifaktire si kay sa pa ankre selon sa lalwa Eta Florid mande.

Pa bliye: Dega inondasyon lakòz se pa dega pi fò kontra asirans kay kouvri. W ap bezwen ache asirans pou inondasyon menm si ou pa rete nan yon kote ki konn gen inondasyon. Pwogram asirans pou inondasyon an onivo nasyonal la fè asirans kont inondasyon disponib pou kay yo manifaktire ki sou yon fondasyon. Tcheke ak ajan asirans ou pou detay yo.

Lisans Kontraktè:
Lalwa Eta Florid la mande pou moun k ap mare kay yo se moun ki gen yon lisans Eta Florid ba yo. Pou w verifye lisans yon kontraktè, telefone Depatman otowout la pou prevansyon ak sikilasyon, kay yo seksyon ak divizyon sèvis pou motoris

Enspeksyon: Fè yon moun ki konn mare kay vin enspekte jan ti kay ou a mare. Pi fò moun sa yo ap enspekte kay ou pou wou epi y ap ba w yon estimasyon gratis. Pran yon estimasyon nan men twa diferan kontraktè epi mande yo pou yo esplike w enstalasyon an.

Règleman pou enstalasyon
Se nan Kòd administrasyon Eta Florid la seksyon 15C-1 w ap jwenn Règleman sou fason pou moun mare yon kay. Mande moun k ap fè enstalasyon w lan kesyon konsènan obligasyon règleman sa a? Pou plis enfòmasyon kontakte Depatman pou prevansyon ak otowout epi sikilasyon Biwo Kay mobil ak konstriksyon otomobil pou al nan kan. (850) 617-3004.

Dire tan ak pri:
Pou mare yon kay sa kab koute $2,000.00 epi sa ap pran mwens pase yon jou.

Lòt sistèm pou mare yay kòm altènatif:
Lè yon enspektè ap enspekte jan yo mare kay ou a mande l si pa gen lòt sistèm pou mare kay ki pi asire leta apouve ki disponib pou kay pa w la.

Lòt estrikti:
An menm tan tou poze kesyon konsènan metòd yo rekòmande pou estokaj an sekirite, ti kay, abri pou machin, ak lòt estrikti ki vilnerab.

Estimasyon an gwoup:
Pi fò kontraktè bay rabè pou enstalasyon pou gwoup. Mete tèt ou ansanm ak vwazen w lan pou wè si nou ta kab fè yon enspeksyon oubyen yon enstalasyon an gwoup.

Gaz, dlo, ak elektrisite:
Chèche konn kouman epi ki lè pou w fèmen gaz ou, dlo a, epi kouran nan kay la.

Ti konsèy pou prevansyon

- Gade si gen kòd ki pa byen mare.
- Asire kòd yo byen aliyen epi pa genyen ki mare kwochi.
- Tcheke si kantite fwa yo mare kay la ase dapre valè fwa yo dwe mare kay la.
- Verifye pou wè si kwòk kote yo mare kay la gen plak estabilite epi yo byen enstale.
- Se pou w sèten pilye yo an kontak ak chapant kay la.
- Ranplase fil ak poto ki plante nan tè a ki gen mak wouye sou yo. Kòm poteksyon an plis ou mèt mare kay la devan epi nan dèyè kay la tou long pou kenbe kay la.
- **Fè yon plan pou evakye**

Yon mezon dakèy:
Ajans pou jere ijans yo rekòmande pou w fè aranjman pou jwenn yon mezon dakèy ki pa nan zòn evakiyasyon an. Yon kay dakèy se kay yon zanmi oubyen yon fanmi ki dakò pou ebèje w ak tout fanmi w pandan siklòn nan.

Plan pou kominikasyon:
Mande yon fanmi w ki rete nan yon lòt eta pou l sèvi antan yon “kontak pou fanmi an.” Se pou w sèten tout moun nan fanmi an konn non, adrès, ak telefòn moun sa a.

Abri piblik:
Abri ijans pou piblik la ta dwe DÈNYE OPSYON W. Ou pap gen okenn vi prive, espas la ap limite, epi sèvis manje a kab gen reta. Kote w ap “rete” pou yon ti tan an se nan yon jimnazyòm l ap ye e se reprezantan gouvènman an pou ki di w ki lè pou w deplase!
Si ou OBLIJE sèvi ak yon abri piblik, idantifye 2 abri ki pi pre w, sa ta pi bon si ou chwazi sa ki nan direksyon opoze de lakay ou.

Wout Evakiyasyon:
Gade kat jewografik ki nan mitan dokiman sa pou w konn wout evakiyasyon yo. Se pou w atann ou w ap gen pou kondui 20 a 50 mil pou w rive yon kote w an sekirite.

Apre tanpèt la

Apre tanpèt lavi nou kab chanje anpil. Dezas sa yo afekte tout moun a yon sèten pwen. Pwovizyon pou ede moun tanpèt la frape yo ap rive o pi vit posib, men sa ka pran kèk jou. Eseye rete kè poze, pran pasyans epi montre ou gen konpreyansyon. Atitid pa wou afekte ou epi l afekte tout moun ki sou kote w. Pa bliye sa ki pi di e sa ki pran plis tan an nan yon siklòn se rekiperasyon an.

Kapab gen inondasyon toujou epi ri yo kapab bloke pou kèk jou menm pou kèk semenn, sa kab fè yo pa kab rive nan zòn ki gen dezas yo. Sa vle di ou gen dwa pa kab tounen lakay ou pandan kèk jou e menm kèk semenn.

Travayè ijans yo ta renmen retounen pou w retounen lakay ou se yon bagay ki fèt nan tout sekirite ak sa y ap bezwen tan pou yo netwaye wout yo epi evite tout ensidan. Tande sa radyo ak televizyon ap di sou ki lè ou kapab retounen lakay ou epi pa al okenn kote ki pa an sekirite. Deplase nan machin si sa nesesè sèlman, men evite ri ki inonde ak pon dlo te anvayi. Se pa lè pou al vizite tèl zòn pou plezi.

Si ou te oblije evakye yon zòn, se pou panse fè kèk jou deyò anvan w retounen. Avan w deside retounen, reflechi sou pwen sa yo:

- Pap gen kouran pou yon bon bout. Sa vle pap gen è kondisyone, pap gen limyè, pap gen frijidè, pap gen ponp dlo, nan anpil ka pap gen fou.
- Sèvis telefòn gen dwa pap travay oubyen se yon bagay k ap limite. Sa vle di ou kab pa ka telefone 911 tou. Mank kouran epi biwo ki kraze ap afekte ni sèvis telefòn regilye ni sèvis telefòn pòtab. Menm si telefòn ou an mache, sèvi avè l sèlman pou ka ijan. Mesaj tèks gen dwa pi vit pase pale nan telefòn.
- Dlo konnti ak dlo minisipal yo gen dwa pa bon pou bwè san w pa bouyi yo anvan oubyen trete yo ak podui chimik. Konsidere tout dlo tankou dlo ki pa potab jiskaske yon fè konnen dlo yo potab.
- Ponp pou dlo sanitè yo gen dwa pap mache, sa vle di twalèt pap kab flòch epi evye yo pap kite dlo koule nòmalman; sa kab fè yo debòde anndan kay ou oubyen sou pwopriyete w. Lè w retounen lakay ou, ou gen dwa pa wè kèk dega.
- Enspekte kay la pou wè si pa gen anyen ki kraze. Kòmanse depi deyò rive jouk anndan. Tcheke si pa gen tiyo dlo ak tiyo dlo sanitè ki pete. Tcheke enstalasyon elektrik la tou. Etenn switch prensipal la jiskaske w sèten tout sistèm nan an sekirite. Tcheke si pa gen fuit gaz nan liny tiyo ni nan tank gaz. Pinga w ni antre ni rete nan yon kay kote ou pran sant gaz.
- Veye kò w lè w ap sot deyò epi veye kote w ap met pye w. Evite fil kouran ki tonbe evite ma dlo. Rapòte fil ki tonbe bay konpayi elektrik la oubyen sèvis ijans yo.
- Veye bagay ki pandye oubyen bagay ki dekole ki ka tonbe.
- Fè atansyon ak bèt sovaj ki kab danjere. Flaman, myèl, gèp, koulèv, rat ak sourit, epi bèt sovaj tout bèt sa yo pral chache jwenn tè chèch. Yo kapab lakoz ensidan pou sante ak sekirite.
- Fè atansyon ak bèt kay, menm sa ou abitye avè yo. Yo kab pè oubyen yo kab sibi chòk epi yo kapab pi danjere pase w ta panse.
- Pa ploge dèlko nan sikui kay la menm! Moun k ap travay sou poto elektrik yo kapab mouri, oubyen sa ka lakoz dife lòt kote. Sèvi ak dèlko kote lè byen sikile epi etenn li lè w ap met gaz ladan.
- Fè foto dega yo, fè ni foto kay la ni foto sa k nan kay la pou konpayi asirans lan. Mete dat foto yo sou yo.

MEN SA POU W SONJE:
Konpayi asirans yo ap voye ekip espesyal pou ede nan ka dezas, menm jan ni Eta a ni gouvènman federal la va fè.

Sa kab pran plis pase yon semen anvan ekip sa yo pare pou yo travay.

Pare tout dokiman asirans ou yo epi pran pasyans!

Lè moun k ap vin ede yo rive gen dwa se moun k ap vin pwofite de pwoblèm ou. Pa siyen okenn papye kontra reparasyon avan ou fin idantifye kontraktè a. Pa peye pou okenn travay toutotan travay la pa fin fèt.

Mande kontraktè pou yon lisans konnti a ba l ki valab. Èske kontraktè sa a gen garanti? Èske pri travay la se yon bon pri. Èske kontraktè a ap ba w presyon?

Pote plent pou kontraktè ki pa kòdyòm bay otorite yo pou yo kapab envestige yo! Si w wè kontraktè a ba w yon pri egzajere rapòte sa! Otorite lokal yo vle ede moun ki rete nan vil la, se pou sa yo vle pou vle tcheke si moun nan konpetan epi si li jis.

Pou plis enfòmasyon kontakte Biwo pou jere ijans lan nan vil kote w rete a.

Rekiperasyon apre dezas

Ki sa rekiperasyon apre dezas ye?

Rekiperasyon apre dezas gen rapò ak rebati, fè reparasyon, epi kote kominote a, moun ki ret ladann yo reprann aktivite nòmal yo. Se yon mwayen pou fè timoun reprann aktivite lekòl, granmoun retounen nan travay, epi fanmi yo rekòmanse ap fè sa yo abitye fè.

Ki jan rekiperasyon pa menm ak pote sekou nan dezas?

Pote sekou apre dezas se sa k pase tousuit apre yon dezas. Pote sekou apre dezas konsantre l sou prevansyon pou sove lavi moun, retire debri, epi ede moun retounen lakay yo kon sa y ap kab fèmen abri ijans yo. Kou abri dijans yo fin fèmen moun ap kab retounen lakay yo oubyen nan kat tanporè pou dezas. Timoun ap kab retounen lekòl kon sa paran yo ap kab tounen travay. Pote sekou apre dezas se netwaye sa ki te kraze pou moun kab kòmanse reprann aktivite yo.

Rekiperasyon apre dezas se yon posesis kote kominote a ap refè. Se yon kesyon ede moun ki pi nan bezwen yo epi bay tout moun nan kominote a konkou. Aktivite rekiperasyon apre dezas konsantre sou tout moun nan kominote a pou detèmine sa yo bezwen epi amelyore jan sa te ye avan dezas la. Se kesyon rebati sistèm transpò a ak enfrastrikti; remete anviwonman an, zòn bò lanmè yo sou de pye yo, epi nesesite istorik yo; epi pèmèt kominote a reprann konpòtman sosyal li.

Sa pran tan

Ki lè sa kòmanse?

Posesis rekiperasyon an kòmanse osito dezas la oubyen ensidan an kòmanse. Rekiperasyon apre dezas ak pote sekou apre dezas kab fèt ansanm e yo kab pa separe pou otan.

Konbyen tan sa pran?

Rekiperasyon apre dezas se pa yon bagay ki fèt la pou la. Sa pran tan. Selon dezas la oubyen selon ensidan an se yon bagay ki kab pran jou, semèn, mwa, e menm ane. Gen kèk kominote ki toujou ap chache rekipere yo anba dezas siklòn Andrew a, ki te fèt 25 an de sa. Se kon sa pou Katrina tou ki te fèt 12 an de sa. Rekiperasyon se yon bagay yo kab divize an twa faz: kou tèm (jou), yon bon bout tan (semèn rive sou mwa) epi alontèm (mwa rive sou ane). Tou depan kalite dezas la, dimansyon li, faz sa yo kab varye kit se pou endividi kit se pou kominote yo afekte yo.

Kouman w ap fè konnen lè sa fini?

W ap konnen rekiperasyon an fini lè kominote a rive santi l nòmal. Rekiperasyon an fini lè tout sa moun te bezwen pandan dezas yo rive jwenn yo.

Kout men

Ak kilès sa kòmanse?

Se sou wou sa ap kòmanse. Ou menm ak fanmi ou dwe gen yon plan tou pare. Si w pare pou dezas lè sa a posesis rekiperasyon an ap kòmanse pi vit ni pou wou ni pou fanmi wou. Plis fanmi ki prepare pou dezas se pi vit kominote a kab rekipere apre dezas.

Èske gen resous pou moun ki nan bezwen?

Wi, gen resous pou moun jwenn anndan kominote a, nan gouvènman minisipal yo, o nivo eta a, epi o nivo gouvènman federal la. Sant rekiperasyon pou dezas se bagay yo kab etabli gras ak plizyè ajans ki soti nan nivo Eta a epi nan nivo federal la pou ede endividi selon dimansyon dezas la.

Ki sa yon komite rekiperasyon alontèm ye?

Lee County, Florida gen yon komite pou rekiperasyon alontèm ki gen ladan: moun nan sektè prive, moun nan sektè piblik la, òganizasyon benevòl yo, ak òganizasyon relijye yo. Bi komite sa a se pou ede fanmi ak endividi ki abite nan Lee County, apre yon dezas. Komite a kolabore nan bay lidèchip nan detèmine nesesite pou rekiperasyon alontèm ak reyabilitasyon nan pataje enfòmasyon. Yo senplifye wout moun k ap viv nan konnti genyen pou l fè anvan li jwenn sèvis li bezwen an epi bay kominote a sa li bezwen nan moman dezas la.

Si w bezwen èd men lavi w pa an danje oubyen ou bezwen konn ki kote pou w jwenn èd pou w kab reprann ou apre dezas la, tanpri kontakte United Way oswa Ajans ki jere afè Ijans nan zòn ou an.

Kesyon pwòpte Fatra apre tanpèt

Lè konnti pa w la enkli nan deklarasyon pou yon dezas

Siklòn kab kouvri Sidwès Florida ak anpil anpil debri—se kapab fatra nan kay, podui chimik nan kay, aparèy menaje, debri ki sot nan konstriksyon oubyen demolisyon ak debri nan koupe zèb nan lakou. Mete tout fatra sa yo nan sak se yon bagay ki enpòtan anpil nan ede kominote a kanpe sou de pye l ankò.

Pou ede moun ranmase tout fatra yon fason ki pi efikas, e ki pi an sekirite, epi ki fèt a lè, n ap konseye chak moun obsève machasuiv sa yo lè y ap pwòpte debri sou popriyete yo apre pwochen gwo tanpèt la fin pase. Mezon komèsyal yo menm oblije fè pwòp aranjman pa yo pou yo pwòpte debri yo.

Men definisyon ki genyen pou fatra nan kay regilye

Dechè ki kab pouri moun konn mete deyò nan fatra pou kamyon fatra vin ranmase chak semèn. Nan dechè sa yo, w ap jwenn: fatra ou jete toulejou yo. Bagay ki resiklab ou jwenn anndan kay se bagay yo kab resikle tankou papye jounal, katon, resipyan an plastik #1 a #7, bagay ki fèt an kristal, epi sa ki fèt an fè epi ann aliminyòm. Bagay yo pral nonmen pi ba yo se pa bagay yo konsidere kòm fatra yo abitye jwenn andan kay moun.

Debri lakou (Fatra lakou) se yon bagay yo defini kon sa: pye bwa, branch palmis, zèb yo koupe, touf raje, fèy, branch bwa fen, ak branch bwa yo koupe.

Debri konstriksyon ak Demolisyon(C&D) se fatra yo defini kòm debri ki sot sou chantye oubyen sa ki soti nan kay y ap demoli bagay tankou siman, vit, chitwòk, ensilasyon, blòk, eksetera.

Aparèy menaje: Frijidè, fou, machin alave, sechwa, chofaj dlo, frizè, maykwowev, èkondisyone. Tout bagay sa yo se bagay ki pou pa gen anyen ladan yo ditou.

PA MELANJE MATERYÈL SA YO ANSANM. – Y ap ranmase chak bagay sa yo apa epi y ap pase pran yo selon priyorite yo lè tanpèt fèk fin pase.

PREMYE PRIYORITE

Fatra nan kay nòmal

Mete fatra sa yo nan bwat fatra ou konn mete deyò, oubyen nan nenpòt gwo sache plastik, mete yo kote ou abitye mete yo chak semèn pou yo pase pran fatra a.

DEZYÈM PRIYORITE –Fatra lakou

Chak kay ta dwe prepare yon ti kantite fatra sa yo pou yo pran yo chak semèn; yo ta dwe mete yo nan bwat, nan sache oubyen an pake ki peze mwens pase 50 liv. Ranje tout fatra lakou yo selon regleman ak posedi vil la.

Lè gen gwo kantite debri lakou ki gen pou wè ak tanpèt ranje yo bò kot kanivo a ansanm ak branch bwa ak pye bwa ki koupe a yon longè ki fasil pou ranmase. Pa mete yo bò kote bagay long k ap pandye, ni bò kot bwat postal yo, ni pre kontè dlo yo oubyen tiyo ponpye yo. Gwo kantite fatra lakou ki gen pou wè ak dega tanpèt lakòz se bagay ki kab mande katapila pou ranmase yo kon sa se bagay ki ap mande espas pou manevre bouldozè sa yo. Ekip moun k ap ranmase fatra yo pap monte sou popriyete moun pou yo ranmase fatra.

Se sèlman fatra lakou ki an rapò dirèk dirèk ak tanpèt la y ap pran. Fatra ki gen pou wè ak netwaye lakou oubyen koupe zèb lakou se bagay ki pami sa y ap ranmase yo. Fatra lakou regilye sa a yo se fatra mèt popriyete a dwe peye lòt moun pou fè aranjman ranmase yo epi al jete yo.

Yo pap pran gwo kantite fatra lakou sou popriyete prive oubyen nan kominote ki fèmen epi ki gen baryè esepte si popriyete sa yo ta tonbe nan kategori kote FEMA declare yo nan yon zòn dezas oubyen gen yon menas imedya pou sante ak sekirite moun.

TWAZYÈM PRIYORITE -

Debri konstriksyon, aparèy menaje, materyèl resiklab, fatra lou, aparèy elektwonik, kawotchou ak batri machin

Radyo ak televizyon ap anonse ki lè y ap pran fatra kon sa. Règleman pou debri ki soti sou chantye ak debri ki sot nan kay y ap demoli se règleman ki varye selon zòn ou ye a, tcheke ki anons yo fè nan radyo epi nan televizyon pou w konn kouman leta di ki pi bon fason pou w elimine debri sa yo nan zòn ou an.

Yon ti kantite debri ki soti sou chantye ak debri ki sot nan kay y ap demoli*:*

Nan anpil zòn yo kite moun mete yon ti kantite debri ki sot sou chantye oubyen sa ki soti nan kay y ap demoli (kantite ki mwens pase 2 mèt kib kon sa) abò kanivo a bò kot fatra kay nòmal. Debri sa yo se debri yo ta dwe mete nan yon bwat oubyen yo ta mare yo nan yon pake ki peze mwens pase 50 liv chak e ki pa dwe rive yon longè ki plis pase 6 pye. Debri sa yo se debri yo kapab pran an menm tan y ap pran fatra kay nòmal yo depi debri C & D sa yo se debri ki respecte lwa ak regleman pou pran fatra nan zòn ou ye a.

Aparèy menaje:

Frijidè, frizè, ak lòt aparèy menaje pa dwe gen anyen anndan bagay sa yo avan yo pran yo nan fatra. Frijidè, ak frizè ki gen manje anndan yo oubyen lòt bagay k ap pouri anndan yo se pa aparèy menaje y ap pran nan fatra.

ENFÒMASYON SOU DEBRI KI GEN RAPÒ AK TANPÈT

Pandan siklòn nan ap vini an, epi lè li fèk fin pase a, tcheke anons yo mete nan jounal, tcheke avi yo mete sou sit wè minisipalite w la, tcheke anons yo bay nan radyo oubyen nan televizyon, epi nan lòt medya.

Pandan premye 72 èd tan yo epi apre tanpèt la fin pase a, Sèvis dijèn nan vil la, ak Biwo Cherif la ap estime ki kantite dega ki fèt nan chak zòn epi nan ki eta wout yo ye pou yo wè ki lè kesyon ranmase fatra a ap rekòmanse.

Èske kay ou solid ase pou van an?

Ak van k ap vante san rete a 140 mil a lè, se ak van moun asosye plis danje nan yon siklòn. Men malgre tout gwo vitès sa yo, nou kab bati nouvo kay, modifye sa ki la deja yo pou nou fè yo solid fas a van an. Men kèk ti konsèy pou ede w evalye rezistans kay ou a fas ak van an.

Pa bliye, sa yo se kèk règleman general ki kab ede w evalye kay ou a. Nenpòt jan ou modifye kay ou a se pou w respekte lwa ak règleman yo. Epi si w konte fè kèk modènizasyon kòm prevansyon pou siklòn se pou si e sèten modènizasyon sa yo respekte Kòd lalwa pou konstriksyon Eta Florid epi mande pou wè sètifikasyon yo. Se pou w toujou konsilte yon espè ki kalifye si w gen okenn kesyon oubyen kèk dout.

Nan ki ane yo te bati kay ou a? Malgre tout sa a konn tande sou kesyon “”jan ansyen kay se kay ki te bati pi byen; kay ki pi nèf pi bon. Nouvo kay yo se kay yo bati dapre kòd konstriksyon ki pi sevè epi kay sa yo bati sou baz nouvo konesans jeni sivil ki gen pou wè ak materyèl epi teknik konstriksyon. Si kay pa w la gen plis pase 10 an, gen posiblite pou w jwenn fason pou w fè l vin pi solid fas ak van.

Nan ki zòn kay ou a ye? Anpil nan nou te vin abite an florid pou n te kab pi pre lanmè a, men abite pi pre lanmè vle di n ap pran plis chans lè gen yon siklòn. (Piske n ap pale de van nan atik sa a, n ap kite kesyon gwo vag lanmè pou yon lòt atik.) Nan nenpòt tanpèt dabitid van yo pi fò nan zòn ki pre lanmè yo epi tanpèt la diminye lè li kòmanse pase plis tan sou tè. Sepandan, piske zòn nou an ba epi li plat distans nou ak zòn ki pre lanmè yo pa ase pou pwoteje nou kont van an.

Ki wotè kay ou a ye? Kay ki gen plizyè etaj, mi kò kay sa pi wo epi yo pi laj, van frape ladan yo plis. Plis mi kò kay la laj se plis presyon van an fè sou mi kay la. An jeneral kay on sèl etaj se kay ki pi fasil pou yo ranfòse kont van. Nonsèlman mi kò kay ki san etaj yo pa laj anpil, dabitid yo pa gen anpil fenèt tou.

Èske mi w yo solid? Moun k ap bati kay leplisouvan sèvi ak bwa epi ak blòk pou yo bati kay la. An jeneral blòk pi solid pase bwa. Gen kèk kay etaj kote yo itilize ni bwa ni blòk. Detanzantan, yon konstriksyon kon sa se yon konstriksyon ki tonbe nan mitan echèl la lè w ap gade rezistans yo devan van.

Ki jan do kay ou fèt? Gen anpil faktè ki kab afekte fòs do kay ou a. Yon do kay a de fasad gen de mi byen plat ki kab ranmase van, men do kay a kat fasad pa gen tout sifas yo. Yon do kay a de fasad kapab solid men sa mande anpil antwazman. Do kay la enpòtan tou. Bwa, yo konn itilize nan ansyen kay yo, yo pa gen anpil rezistans,





playwoud oubyen OSB pi rezistan. Sa k pi rezistan toujou a men nou rankontre mwen souvan se dal beton. Finalman se kouvèti do kay la ki enpòtan. Do kay ki kouvri ak tayl yo solid ase pou yo anpeche van leve yo men tou yo kab kase si debri frape yo. Kay ki kouvri an metal se kouvèti ki solid e ki kab reziste lè debri frape yo. Tayl an asfat kab bon ase men yo pa twò solid an konparezon ak lòt tayl yo epi kouvèti an metal yo. An jeneral tayl an asfat se bagay yo oblije ranplase souvan nan sidwès Florid la paske anviwonman an ap chaje tout tan.

Ki jan yo konekte mi kay la ak do kay la?

Yon do kay ki solid ak yon mi ki solid efektif sèlman si yo rete konekte ansanm epi si yo fonksyone tankou yon sèl epi ki byen tache ak fondasyon an, pou yo kab sèvi kòm yon anvlòp ki anpeche van antre nan kay la. Gen anpil koneksyon sou mache a ki fè travay sa a byen nan kay ki nèf yo. Ansyen kay yo kapab gen yon bon koneksyon gras ak klou nan yon teknik espesyal yo rele koube klou. Metòd sa a se yon metòd ki pa efektif tankou sa yo itilize nan nouvo konstriksyon yo kounye a kote yo sèvi ak klips epi kòd espesyal.

Kouman pou w pwoteje kote ki ouvè nan kay ou a? Pou asire w ou gen yon kay ki byen pwoteje kont van se pou w sèten tout tou (enkli pòt ak fenèt) se bagay ki byen pwoteje kont van an tou. Sa kab mande pou w bouche fenèt yo epi pase ba fè sou pòt garaj la. Malgre gen anpil podui deyò a pou ede w pwoteje diferan tou nan kay ou a se pa tout ki efektif. Pi bon chwa ou kab fè se lè w chwazi sa ki respekte kòd pou konstwi nan Eta Florid la (se pa playwoud). Met sou sa, jan podui sa yo konvenyan epi jan yo fasil pou moun itilize se bagay ki enpòtan anpil tou. Pa gen yon podui k ap travay vrèman si yo pa itilize l oubyen si yo sèvi avè l mal. Podui sa yo disponib nan diferan kote. Fò w pale ak yon pwofesyonèl ki kalifye pou l ede w chwazi podui ki bon pou kay ou a.

[gable roof=Tèt kay 2 fasad / ridge= fetay / Ridge roof = Tèt kay a 4 fasad / Hip = Lizyè tèt kay]

Pui ak sistèm septik avan epi apre inondasyon

Pui -Prevansyon pou dlo k nan pui
Èske ou te kon sa, lè gwo lapli tonbe pandan yon tanpèt oubyen yon siklòn sa kapab fè dlo nan pui w la pa yon dlo ki potab? Si w pa sèten ki efè inondasyon an te genyen sou dlo ou gen nan pui w la, pa bwè dlo sa a, pa fè anyen pou bwè avèk li, pa kuit manje avèk li, pa lave asyèt avèk li, pa bwose dan w avèk li, epi pa sèvi avè l pou w lave oken pati nan kò w si w te blese oubyen si w te fraktire toutotan ou poko fè youn nan bagay ki nan lis sa a:

- *Bouyi dlo a byen bouyi pou yon minit epi kite l frèt avan w sèvi avè l.*
- *Dezenfekte dlo a ak klowòks ki pa gen dezodoran ladan (4-6% engredyan dezenfektan); mete 8 konngout nan dlo a pou chak galon (1/8 yon kiyè pou chak galon), souke galon dlo byen souke epi mete l chita pou 30 minit. Si dlo a yon ti jan twoub refè menm bagay la ankò.*

Si dlo lapli te anvayi pui w la telephone nan 239-274-2200 nan Lee County pou enfòmasyon sou kouman pou rive pran yon echantiyon dlo pui w epi kote pou w pote li pou yo fè yon tès pou bakteri sou li. Pa mezi prekosyon ou kab dezenfekte pui a avan ou pran echantiyon dlo a. Depatman lasante nan Lee County (FDOH-Lee) gen enfòmasyon sou kouman ou kab dezenfekte dlo pui w la si w panse li te kontamine. Si apre ou fin dezenfekte dlo a epi tès la montre dlo a gen bakteri, fò w dezenfekte ni pui a ni sistèm pou trete dlo a pou ou kab sèten tout mikwòb disparèt.

FDOH-Lee gen enfòmasyon sou sit wèb li a (www.leechd.com) ki bay esplikasyon etap pa etap sou kouman pou w dezenfekte yon pui. Klike sou kote ki make "Services," la nan tèt paj prensipal sit wèb la epi apre sa klike sou "Environmental Engineering." Apre dezyèm dezenfeksyon an fòk yo teste dlo a ankò pou w kab sèten dlo a se yon dlo ki bon pou bwè.

Ris maladi ki trè danjere
Mikwòb ki ka bay moun maladi nan dlo ki kontamine kapab yon gwo menas pou sante w avèk sante fanmi w. Pami mikwòb sa yo yon moun ap jwenn viris, bakteri, kis, parazit ki ka lakòz poblèm sante tankou enfeksyon gastwoentestinal rive jouk nan lanmò. Pa pote neglijans nan sekirite dlo ki nan yon pui. Se pou w sèten pui w la byen bati epi yo mentni li regilyèman. Depatman lasante Eta Florid la rekòmande pou yo teste tout pui chak ane epi pou yo teste yo apre tout gwo lapli ouswa inondasyon.

Kouman pou w prepare sistèm septik ou a pou inondasyon
Èske ou konnen yon tank septik ki vid se yon bagay ki vin flotab e ki kab soti anba tè a lè gen inondasyon? Pandan sezon siklòn nan Eta Florid la (Jwen rive Novanm) se pou w fè kou w konnen pou tank septik ou a toujou plen likid—pa kite yo devide tank lan nan epòk say o. Ti prekosyon sa a kab fè dlo pa pote sistèm septik ou a ale lè gen inondasyon.

Lè dlo chita twòp nan kote yo fè pou l koule sa kapab yon ris pou sante moun.
Lè gen inondasyon oubyen dlo chita twòp yon kote, yon sistèm septik prive pa kab fonksyone byen. Annefè, mikwòb tankou viris ak bakteri kab antre nan nap dlo anba tè yo epi yo kontamine sistèm dlo potab ou a. Yon lòt fwa ankò, pa bwè nan dlo pui w la avan yo teste dlo a epi si dlo a bon pou moun bwè. Nenpòt lè nap dlo a wo, gen posiblite pou dlo sanitè antre anndan kay ou atravè system septik la. Sèl fason pou evite poblèm sa a se pou w retire presyon sou sitèm nan nan itilize li mwens, oubyen pa itilize l ditou si sa posib.

Pa fè lesiv oubyen sèvi ak machin pou lave asyèt la epi ou ta mèt menm konsidere lwe yon twalèt pòtatif pou w tann kote yo fè pou dlo lapli koule a fin chèch.

Apre dlo inondasyon an fin bese
Depi nivo dlo inondasyon an desann, popriyetè kay fèt pou yo okouran enfòmasyon sa yo ki sou lis la lè y ap tcheke sistèm septik yo:

- Si w gen yon ponp pou ponpe dlo sanitè nan kay la oubyen anndan yon depo, etenn switch la avan w enspekte zòn nan pou w evite moun pran kouran.
- Pa kite yo fè okenn reparasyon ni nan tank septik la ni nan chan drenaj la jiskaske atè a fin sèch nèt.

Gen anpil fwa sistèm yo kab ap fonksyone byen lè atè a pap kenbe twòp dlo ankò.

- Si w sispèk sitèm septik ou a pap fonksyone byen fè yon konpayi fè yon enspeksyon pwofesyonèl pou wou epi fè yo pase men ladan tousuit.
- Se pofesyonèl leta bay lisans pou sa sèlman ki dwe fè mòd travay kon sa—kit se pwòpte oubyen repare sistèm septik paske tank yo konn gen gaz ki danjere anpil. Rele depatman lasante nan konnti kote ou ye a pou kab jwenn enfòmasyon sou kouman ou kab jwenn yon konpayi tank septik ki travay nan zòn ou an.
- Tout reparasyon se reparasyon Depatman lasante nan konnti ou ye a dwe bay pèmi pou sa epi enspekte travay la.

Pou plis enfòmasyon sou koze tankou dezenfekte zòn inondasyon afekte, kesyon anvayisman dlo sanitè kontakte DOH-Lee Biwo Sante ak Anviwonman an. Nan 239-690-2100.

Kèk ti konsèy sou evakiyasyon!
Si w oblije evakye kay ou akoz inondasyon oubyen yon siklòn k ap vini, mete lis bagay sa yo nan yon sache plastic epi pote yo avè w:
Papye iminizasyon pitit ou yo ansanm lòt papye sou koze sante epi koze asirans ou.

- Papye asirans/papye Medikè/papye Medikèd, lisans ou ak kat didantite ou.
- Medikaman pou chak manm fanmi an ak tout dòz ki nesesè, nimewo telefòn doktè k ap suiv moun nan. Si w vle ou kab telechaje yon fòm pou sa sou sit sa a: www.leecountyinjuryprevention.org epi enprime li. Klike sou kote ki make ICE la epi klike sou *Medication ak Contact Form*.

Chak fòm gen plas pou enfòmasyon medikal pou chak de moun ki ret nan menm kay la. *Si w rete nan yon zòn ki abitye gen inondasyon ak evakiyasyon, ou ta dwe ranmase dokiman sa yo davans. Si yo bay lòd pou moun evakye epi w gen tout afè w pare pou w deplase la pou la, lè sa a ou pap nan pèdi tan al chèche tout dokiman sa yo.*

Piske se kab ou kesyon lavi ou lanmò
Plan pou preparasyon fanmi an se yon trè bon resous li ye ki byen detaye sou kesyon evakiyasyon epi diferan ijans ou menm oswa yon moun ou renmen ka twouve l nan ka sa a yon jou. Plan an kouvri koze tankou kreye yon plan an ka yon dezas pou tout fanmi an ak pwovizyon n ap bezwen nan gid la tou, bagay tankou dosye finansyè ak dosye medikal , enfòmasyon pou kontakte fanmi, swen pou bèt yo gade nan kay, epi pi plis pase sa toujou.

Kèk konsèy sou reparasyon nan tèt kay la

Pandan w ap ret tann yon kontraktè ki gen lisans, men 2 solisyon tanporè ou kab itilize si kay la koule. Anvan w monte sou do kay la, men sa w dwe konnen: ou kab glise tonbe fasil, sitou si tal ki sou do kay la mouye ***epi*** branch bwa kab poze yon danje, fil kouran tou epi nechèl.

Se pa deyò yo fè reparasyon yo. Ranje kèk bokit anba kote k ap koule a pou lache presyon dlo a. Sou tèt kay la menm, ou kab sèvi ak yon plastik oswa yon prela pou kouvri kote ki koule a. Ou kab bouche nenpòt ti twou piti ak yon ti tiwèl ak mastik ki fèt pou bouche twou nan plafon kay.

Kouvèti plastik
Sa a se yon solisyon tanporè nèt. Pran yon gwo fèy plastik – mak Visqueen – epi sèvi ak klou pou do kay pou kloure plastik la sou kote ki gen twou a. Si w kab jwenn kèk planch 2 pa 4, mete yo tout otou kote ki gen twou a. Apre sa plwaye plastik la sou planch yo epi kloure planch lan ak tout plastik la.

Si w pa kab jwenn planch oubyen klou, sèvi ak kèk brik, oubyen kèk blòk oubyen sache sab pou kenbe plastik la.

Papye pou kouvri tèt kay
Yo rele papye sa a papye goudwon oubyen fet bitime. Se nan seksyon kote yo vann materyo konstriksyon w ap jwenn li anndan yon magazen. Se ak yon tiwèl yo sèvi pou mete siman ki fèt pou do kay sou do kay la. Papye bitime se an woulo yo vann li epi dapre pwa li (tankou papye ki gen pwa 15-, 30- ak 90- se papye ki komen) pa 100 pye kare.
Li pi bon lè yo enstale papye a yon jan pou yon pati nan yon woulo papye a al sou yon lòt woulo – kote tanzantan nou sèvi ak papye a epi nou mete yon pòsyon siman – soti depi pa anba pwent tèt kay la epi monte anwo.

Kèk konsèy pou kontraktè yo
Asosiyasyon Nasyonal travayè ki kouvri kay kab ede w jwenn yon konpayi serye pou w bay yon kontra travay. Men sit wèb yo a www.nrca.net.

NRCA bay konsèy sa yo:
• Tcheke si konpayi an gen yon adrès pèmanan kote yo fè biznis, yon nimewo telefòn, yon nimewo idantifikasyon DGI epi yon lisans pou yo travay nan kote y ap travay la. Yon pwofesyonèl ap gen tout dokiman sa yo tou pare.
• Chèche konpayi ki gen bon renome.
• Mande kontraktè a kat asirans li. Fè l ba w wè asirans li pou domajman epi sètifika li pou dedomaje anplwaye.
• Chèche konnen si kontraktè a bay garanti epi si li gen lisans.
• Asire w kontraktè a ka ba w yon garanti ki soti nan manifakti a. Veye garanti ki pa sanble yo posib, garanti ki pou anpil tan.
• Mande pou yo ba w yon lis moun kòm referans ak travay kontraktè a fini deja. Pale ak ansyen kliyan yo pou wè si yo te satisfè ak materyo konpayi an te itilize yo epi ak travay yo fè a.
• Telefone biwo Komès ak Règleman pou pwofesyonèl pou tcheke si yo pa pote okenn plent kont yon kontraktè.
Ou kab rele biwo sa a nan (850) 487-1395.
• Toujou mande pou yo ba w yon devi alekri epi tcheke devi a byen tcheke anvan w siyen l oswa anvan w bay oken avalwa.

Lokalize pwoblèm nan tèt kay la
Evite monte sou do kay la pou w al tcheke do kay la. Kite travay kon sa pou moun ki pwofesyonèl nan sa. Men kèk konsèy nan kesyon enspeksyon tèt kay la.

Pandan ou atè
Si w bezwen gade tèt kay la depre, sèvi ak yon longvi. Tcheke si pa gen kèk tayl sou do kay la ki chire oubyen ki manke oubyen si pa gen pwoblèm nan kwen yo – kote de pant vin rankontre. Dlo koule rapid nan kwen yo, se kote ki kab pi vit gen poblèm.

Gade pi pre
Si w pa kab wè do kay la byen delwen, mete soulye ki gen semèl ki pa glisan, sa ki gen semèl kawotchou epi sèvi ak yon nechèl ki byen fèm, yon nechèl ou kab mare epi ki gen kawotchou nan pye nechèl la.

Pa mache sou do kay la
Pye w kab degrennen sab ki pwoteje do kay la, epi sa vin fè do kay la pi fasil koule. Ou kab sot tonbe sou do kay la tou, oubyen nan yon twou si gen kote ki pa fèm oubyen ki pouri. Si w ta remake gen anpil sab nan kanal ki mennen dlo desann sot sou do kay la, sa pa vle di ou oblije rekouvri do kay la. Men fò w ta fè yon kontraktè vin enspekte do kay la.

Fè tcheke tayl sou do kay la pou wè si pa gen ki fele, oswa ki manke epi ki pa byen kloure sou do kay la. Nan do kay ki kouvri ak tayl ki fèt ann asfalt oubyen an bwa tcheke si yo pa gen klou k ap soti ladan yo. Oubyen tou nan do kay ki plat, chèche kote ki pa gen ti grenn sab ditou epi chèche kote ki pa gen sab ditou.

Tcheke arebò chemine yo, ak arebò tiyo ki soti nan tèt kay la, epi arebò fenèt ki nan plafon kay la, epi arebò kote kèk mi al rankontre ak do kay la epi tout lòt kote do kay la kapab koule. Tcheke kote yo enstale antèn televizyon, ak tout lòt kote yo enstale kèk bagay sou do kay la pou wè si do kay la pa koule poutèt yo pa bouche kote sa yo byen oubyen si ta gen kèk lòt twou nan tèt kay la.

Vin yon volontè!

Fè volontè se yon bèl fason pou ou aprann nouvo teknik, kore fanmi ou, zanmi ou ak vwazen ou, epi rann kominote sèvis pou sa li fè pou wou.

Jesyon Ijans nan Lee County (Lee County Emergency Management) konte sou volontè pou diferan kalite wòl lè gen dezas! Nou gen pwogram fòmasyon pou tout kalite travay volontè.

Men nan ki sa ou kapab patisipe:

* Administrasyon Sant Lojman Ijans
* Administrasyon Sant Pwoteksyon Sanzabri
* Administrasyon POD Operations
* Sipò pou Evakiyasyon
* Sipò nan Biwo Sèvis regilye
* Ekip Radyo Amatè
* Swen Espirityèl ak Swen Emosyonèl

Kontakte kòdonatè volontè yo nan **(239) 533-0615** pou plis enfòmasyon sou pwogram volontè nou an.

Pou ou ranpli aplikasyon pou ou vin yon volontè ale nan sit sa a: leegov.com/emvolunteerapp.

N ap kontan resevwa elèv ki bezwen fè tan nan travay volontè pou kredi nan Kolèj !

Ekip Repons d ijans kominotè {Community Emergency Response Team (CERT) an Angle} Pwogram CERT lan ankouraje sitwayen yo pou yo tout pran responsablite ansanm nan prepare pou dezas nan kominote yo, nan edike moun nan preparasyon pou katastwòf ki pase nan zòn yo an, montre yo tankou pwoteksyon kont dife, ti operasyon rechèch pou sove moun, sansibilizasyon sou teroris, òganizasyon ekip, operasyon medikal pou dezas. CERT vle fè pwogram fòmasyon pou pèmèt patisipan yo ede kominote yo nan fè pi gran byen pou pi fò moun.

Si ou enterese antre nan CERT, kontakte Depatman Ponpye nan lokalite ou a.

StormReady (Pare pou tanpèt) se yon pwogram volontè Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service ann Angle) pou ede kominote yo prepare yo, ede yo pwoteje yo kont move tan.

StormReady se yon pwogram nasyonal ki konsantre sou ede lidè ak administratè ijans nan kominote a ranfòse pwogram sekirite lokal. Pou kounye a genyen 2307 lokal StormReady nan tout peyi a.

Kominote ki gen pogram StormReady yo pi byen prepare pou kondisyon move tan akoz planifikasyon, edikasyon ak sansibilizasyon.

Pou yon kominote vin yon kominote ki StormReady ofisyèlman, kominote a dwe:

- Tabli yon estasyon alet 24 sou 24 ak sant jesyon ijans
- Dwe genyen plis pase yon metòd pou resevwa repòtaj meteyo ak avètisman sou move tan epi bay piblik la enfòmasyon.
- Kreye yon sistèm ki pou suiv kondisyon tan an nan zòn lokal.

Sansibilize piblik sou kesyon preparasyon pou move tan gras atelye nan kominote a

- Kreye yon plan pou move tan, ki gen ladan li pwogram fòmasyon moun ki pou siveye move tan (SKYWARN) ansanm ak egzèsis fòmasyon tou.

Pou koulye a Florid genyen 116 Kominote StormReady!

Men kèk nan Kominote StormReady ki nan Sidswès Florid:

- City of Sanibel, Kominote (Lee)
- Captiva Island, Kominote (Lee)
- City of Cape Coral, Kominote (Lee)
- Sant "FSU Ringling Center", Inivèsite (Sarasota)
- Bonita Bay Subdivision, Sipòtè (Lee)
- The Brooks Subdivision, Sipòtè (Lee)
- Pelican Landing, Sipòtè (Lee)
- Mediterra Subdivision, Sipòtè (Collier)
- Twin Eagles Subdivision, Sipòtè (Collier)

Pou ou kapab vin yon StormReady, ranpli aplikasyon an epi renmèt li nan biwo NWS lokal la. Komisyon Evalyasyon pou StormReady la ap gen pou li li aplikasyon ou an, epi yon ekip ap deplase vin rankontre ak ou fòmèlman sou koze aplikasyon w lan.

Depi yo apwouve aplikasyon an, Direktè Biwo NWS lokal la gen pou yo voye yon lèt fòmèl ba w, de postè StormReady ak tout esplikasyon yo ansanm ak lòt bagay kominote ou a ap benefisye.

StormReady apwouve aplikasyon pou twazan apati dat yo fè ou konnen sa fòmèlman an. Pou plis enfòmasyon al nan adrès sa a

Rekòmandasyon pou lè li fè frèt

Malgre Sidwès Florid ap benyen nan yon klima sib-twopikal pandan pi fò nan ane a, gen de lè gwo fredi konn anvayi rejyon an epi sa lakoz tout plant friz. Sa ki rive anpil fwa, gwo fredi a detui jaden legim ak jaden sitwon, zoranj ak jaden chadèk. Kontakte sèvis estansyon konnti a pou plis enfòmasyon.

- Abiye ak diferan kouch rad epi mete chapo oswa met yon foula nan kou w.
- Pa kite bèt nou gen nan kay la soti deyò; lè sa nesesè mache ak yo sou gazon (evite twotwa frèt la).
- Pwoteje bèt nou gade, pwoteje lòt bèt nou genyen, mete yo nan bon abri, mete manje an plis epi met plis chofaj pou yo.
- Mete plant ki nan po anndan kay.
- Kouvri plant ki rete deyò ak twal sak oubyen ak twal nòmal. Plastik pa anpeche bare fredi.
- Tcheke chofaj pòtab yo pou asire lè sikile pre yo.
- Pa mete gaz nan chofaj pòtab yo anndan kay la.
- Asire chemine nan kay la ap mache byen.
- Tcheke tout ralonj pou nou wè si yo pa koupe oswa dekale.
- Pa sèvi ak recho a gaz oubyen recho chabon anndan kay la. Yo bay lafimen monoksid kabòn ki kapab lakoz lanmò!

Ka ijans akoz chalè

Gen twa kalite ka ijans akoz chalè: kranp chalè (lè nivo sèl ki nan kò moun desann), epuizman chalè (se dezidratasyon ki lakoz sa) ak ensilasyon (chòk).

Wete malad la nan chalè a epi mete li kouche. Mete konprès fre sou li, fè li mete pye li anlè, ba li anpil likid pou li bwè epi sèvi ak yon vantilatè ki pou vante van fre. Rele doktè si sa nesesè.

Sa fasil pou nou evite ka ijans akoz chalè depi nou pran prekosyon lè gen gwo chalè. Si nou pa fè atansyon, kranp chalè (lè nivo sèl ki nan kò moun desann akoz moun nan ap swe anpil), sa kapab bay epuizman chalè (se dezidratasyon ki lakoz sa); epuizman chalè kapab tounen ensolasyon.
Nan twa konsekans ijans chalè sa yo, sa ki pi grav la se ensolasyon an, li kapab lakoz chòk, lezyon serebral, defayans òganik, e menm lanmò.
Premye sentòm ijans akoz chalè se sentòm tankou: swe anpil, fatig, swaf, ak kranp nan mis.

Sentòm ki parèt apre yo se sentòm tankou: tèt fè mal, toudisman ak vètij, feblès, kè plen ak vomisman, po fret, po imid, ak pipi koulè fonse.

Sentòm ensolasyon se sentòm tankou: Lafyèv, konpòtman irasyonèl, konfizyon, po sèch, po cho ak po wouj, esoufleman ak batman kè rapid, kriz epilepsi, epi pèdi konesans

Rele 911 si:
- Moun lan pèdi konesans nan nenpòt ki moman.
- Pa gen okenn chanjman nan eta moun nan (pa egzanp, konfizyon oubyen kriz epilepsi).
- Lafyèv (tanperati depase 104°F)
- Moun nan gen sentòm chòk (po bouch moun nan, zong li vin yon jan ble, moun nan yon jan dezoryante).
- Moun nan gen lòt sentòm ensolasyon (tankou batman kè rapid).
- Kondisyon moun nan pa amelyore, oubyen li vin pi grav malgre yo fè tretman pou li.

Prevansyon
- Mete rad laj, rad lejè lè li fè cho
- Pran kanpo souvan, rete nan lonbraj si posib.
- Evite fè espò oubyen gran aktivite fizik lè li fè cho oubyen lè imidite a wo.
- Bwè anpil likid chak jou. Bwè plis likid avan, pandan epi apre aktivite fizik.
- Fè atansyon espesyalman pou evite ou vin twò cho si w ap pran medikaman ki dezekilibre tanperati nan kò ou oubyen si ou gra depase oubyen si ou se yon ti granmoun.



Heat Stroke, Edwin Choi (2014)
http://www.edwin-choi.com/627-2/

Tònad ak kout zeklè

Pa oblije gen lapli pou gen zeklè. Prèske tout kout zeklè fèt nan anviwon 10 mil parapò ak kote ki gen loraj la, men li KAPAB frape pi lwen pase sa. Ekipman deteksyon zeklè konfime kout zeklè konn frape prèske nan distans 50 mil, men ka sa yo ra anpil.

Tanpèt ak loray kapab pwodui diferan kalite move tan tankou gwo lagrèl, van ki fè dega, inondasyon sibit, ak tonad. Men, se zeklè ki lakoz pifò lanmò ki gen rapò ak move tan nan Florid.

Nan 10 dènye ane yo Ozetazini, 70% lanmò zeklè lakoz rive ant Jen ak Out. Apeprè de tyè nan viktim yo se moun ki te nan aktivite divètisman an plennè, pi fò nan aktivite sa yo se te aktivite nan dlo.

Men kote w dwe ALE

Kote ki gen plis sekirite pandan loray se yon kote ki laj, ki fèmen ki gen plonbri ak fil elektrik. Sa vle di se kote tankou gwo sant dacha, lekòl, bilding biwo, ak kay prive. Si zeklè frape kote a, plonbri a ak fil elektrik yo ap kondui elektrisite a pi byen pase kò moun. Si pa gen bilding nan zòn la, yon machin an metal ki fèmen tankou yon oto, yon venn oubyen yon bis lekòl, se yon chwa ki aseptab.

Kote nou PA dwe rete

Se pa tout bildin oubyen tout machin ki bay sekirite pandan loray. Bildin PA BAY SEKIRITE (menm si yo gen priz anba tè) si yo gen espas ki louvri. Sa vle di ti kay bò lanmè, depo an tòl, abri/paviyon pou piknik, remiz machin, ak zòn ban rezèv sou teren bizbòl. Galri se danje tou.

Machin dekapotab pa bay sekirite kont zeklè menm lè yo fèmen dekapotab la. Lòt machin ki PA BAY SEKIRITE pandan zeklè se machin ki pa gen kouvèti, tankou machin gòlf, traktè, ak ekipman konstriksyon.

Sonje, se pa kawotchou yon machin ki pwoteje ou kont zeklè. Kakas yon machin pran elektrisite ki nan zeklè a li ba li yon wout pou li sikile toutotou ou.

Sa ou dwe fè

Kou ou rive anndan yon bilding solid, rete lwen aparèy menaje yo ak plonbri a. Li ta bon pou ou deploge ekipman elektrik ki enpòtan yo pou yo pa sote. Yon lòt mezi sekirite ou kapab pran se rantre anndan yon chanm. Si ou anndan yon machin, monte vit yo, epi evite kontak ak tou sa ki anndan machin lan ki konekte ak deyò tankou radyo, CB, kote pou estat machin nan si se pa sa ou kapab boule anpil lè kout zeklè pati.

Ki sa ou PA dwe fè

Zeklè kouri gwo distans atravè kab kouran, espesyalman nan rejyon riral yo.

Pa sèvi ak aparèy elektrik, tankou telefòn ki gen kòd ak òdinatè fiks sof si gen ijans. Telefòn san kòd, telefòn selilè, laptòp ak konpitè tablèt se aparèy ou kapab itilize san danje.

Rete lwen fenèt epi pa al pran douch oubyen chita benyen nan benywa a.

Ki sa mwen ta dwe fè si gen loray pandan mwen nan dlo sou bato?

Dapre Sèvis Nasyonal Meteyo a, pi fò chòk ak lanmò loray lakoz rive sou ti bato ki pa gen kabin. Men sa yo rekòmande: si ou pa gen mwayen pou ou ale sou tè fèm san danje, jete lank, epi desann anba nèt.

- Rete nan mitan kabin lan, si bato a gen kabin. Si bato a pa gen kabin rete nan espas ki pi ba nan bato a. Evite pou ou ta tounen yon paratonè vivan!
- Kite bra w ak janm ou anndan bato a. Pa balanse yo abò batiman an.
- Pa kontinye fè lapèch, eski notik, plonjon nan lanmè, natasyon oubyen lòt aktivite nan dlo lè gen loray oubyen menm lè tan an mare. Zeklè kapab frape avan menm yon tanpèt kòmanse.
- Ekipman elektwonik tankou radyo, dekonekte yo, pa itilize yo, pa manyen yo pandan tout tanpèt la.
- Antèn radyo ak dispozitif pwoteksyon kont lafoud ki espoze yo se pou nou desann yo, wete yo oubyen mare yo.
- Depi sa posib evite mete de aparèy ki konekte ak sistèm nan an menm tan an kontak. Paregzanp, levye vitès la ak pwojektè a toulede gen dwa konekte nan sistèm lan. Si men w sou toulede lè gen zeklè, kouran elektrik la kapab pase anndan kè ou – yon wout ki ka lakoz lanmò.
- Omwen youn nan moun ki sou bato a ta dwe gen konpetans nan reyanimasyon kadyo-pilmonè (RKP) ak Swen Ijans. Anpil moun zeklè frape, yo kab chape si yo jwenn Premye Swen rapid.

Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon kont zeklè al sou sit sa a: www.weather.gov/safety/lightning .

Alèt Tònad ak Avètisman Tònad

Ki sa yon tònad ye?

Yon tònad se yon tanpèt vyolan ki vin ak gwo van k ap vire jiska 300 mil a lè. Li parèt tankou yon nyaj ki gen fòm yon antonwa. Nyaj sa a gen koulè gri rive sou nwa e li soti nan baz tanpèt la pou li rive atè.

Yon tònad vire tankou yon toupi e li ka sonnen tankou yon avyon oswa yon tren k ap gwonde. Nan Florid, tònad ki rive nan sezon ete deplase ak vitès ki pi piti pase 20 mil a lè e yo ka ale nan nenpòt ki direksyon. Tònad ki rive nan sezon ivè yo deplase ak vitès ki pi piti pase 40 mil a lè e, jeneralman, yo ale nan direksyon kote yo soti nan sidwès pou y ale nan nòdès. Direksyon yo prale a pa sèten e li ka chanje sanzatann. Malgre tanpèt sa yo pa dire lontan, se yo ki pi vyolan e ki fè plis dega nan yon zòn byen limite pami tout fenomèn atmosferik yo.

Ki lè yon tònad kapab rive?
Pifò tònad an Florid gen chans pou yo rive ant 3 è PM ak 8 è PM pandan mwa jen, jiyè ak out, men tou yo ka rive nenpòt ki lè san avètisman oubyen prèske san avètisman. Gen mwens tònad ki rive pandan livè ak prentan. Yo konsidere pifò tònad an Florid kòm tònad ki fèb. Yo vin ak van ki soufle ant 50 ak 100 mil a lè. Men lè yon tònad rive lè fè pi frèt pandan ane a, tònad sa a gen chans pou li pi vyolan pase tònad ki rive pandan ete a.

Souvan, se devan, adwat siklòn tònad fòme. Siklòn sa yo soti nan Gòf Meksik. Raman, yo konn wè tònad ki fòme sou dlo.

Alèt Tònad oubyen Avètisman Tònad?
Sèvis nasyonal pou bay anons meteyo difize avi sou move tan sou sistèm difizyon ijans Nasyonal la epi Rete branche sou yon estasyon meteyo lokal oubyen koute Radyo Meteyo NOAA ou a (paj 28) Gen 2 kalite Alèt:

- Yon **Alèt Tònad** vle di piblik la dwe okouran kondisyon yo reyini pou yon tònad rive. An jeneral, sa vle di "Fè atansyon epi veye syèl la."

- Lè yo poste yon **Avètisman Tònad** pou yon zòn done, sa vle di gen moun ki rapòte yo wè tònad la oubyen rada detekte tònad la. Avètisman sa a fè konnen ki zòn ki ka sou wout tanpèt la. Avèk avètisman sa a, piblik la dwe pran nòt, "Danje, mete ou alabri."

Ki sa mwen kab fè pou m pwoteje tèt mwen kont tònad?

Pou Alèt Tònad:
Lè kondisyon yo reyini pou yon tònad rive, men kèk bagay yo mete anba a ou kapab fè:

1. Rete branche sou yon estasyon meteyo lokal oubyen koute Radyo Meteyo NOAA ou a (paj 28).
2. Mare tout bagay van kapab pran deyò a oubyen pote yo anndan kay la.
3. Tcheke estrikti lokal yo pou wè kilès nan yo ki ta yon pi bon refij.
4. Kontinye gade syèl la nan direksyon sid ak direksyon sidwès. Si ou wè nyaj ki gen fòm antonwa, fè òganis ki pi pre ou e ki anchaje pou aplike lalwa konn sa tousuit epi mete ou alabri.

Pou Avètisman Tònad:
Sa vle di yo detekte yon tònad nan zòn nan e l ap vin sou wou.
METE OU ALABRI MEDYATMAN!!
Pa kite refij la jiskaske ou si pa gen danje ankò. Sonje byen, pa gen okenn kote ki garanti pandan yon tònad. Men kèk kote ou kapab ye lè tònad la rive:

1. **Nan yon machin**: Yon machin se pi move kote pou ye pandan yon tònad. Rete machin nan epi soti ladan l. Pran refij yon lòt kote. Pa rete bò kote machin nan osinon pa antre anba l. Yon fose oubyen yon twou ka sèvi si pa gen yon refij pou tònad ki pre.
2. **Lekòl:** Suiv plan lekòl la genyen pou dezas. Kanpe lwen oditoryòm, jimnazyòm, ak lòt kote ki gen gwo twati ki pa gen ni pilye ni kolòn ki sipòte yo. Ale nan koulwa ki nan mitan bilding lan epi rete lwen fenèt yo.
3. **An plennè:** Deplase nan direksyon yon ang dwa parapò ak wout tònad la. Chèche refij nan yon fose, yon ravin osnon yon kanivo. Menm yon depresyon nan tè a ap ba ou yon sèten pwoteksyon. *Rete lwen pyebwa epi sonje pou pwoteje tèt ou.*
4. **Nan kay - nan kondominyòm:** Pi bon kote pou ale se nan koulwa ki pi alenteryè a e ki nan etaj ki pi ba a. Yon plaka ki anndan kay se yon kote ki plizoumwen an sekirite. Yon twalèt ki anndan kay se yon pi bon kote toujou. Mi yo pre youn ak lòt epi basen an, evye a ak watè a absòbe debri an ka kay la ta tonbe. RETE LWEN FENÈT. Se debri k ap vòltije ki touye moun plis. PA ouvri okenn fenèt pou egalize presyon lè yon tònad ap pwoche. Si yon tònad rive pre ase pou ou santi presyon an bese, gwo van yo deja fè tout gwo domaj yo. An reyalite, ouvri fenèt yo ka ogmante kantite domaj yo.



5. Nan yon kay mobil ouswa yon kay prefabrike: Debri k ap vole ka domaje kay sa yo fasil, kidonk se pi move kote pou ye pandan yon tònad. Si yon tònad ap pwoche, chèche refij lòt kote tousuit.

Dife sovaj

Dife nan tè sovaj Florid se yon bagay ki natirèl epi ki enpòtan pou plant ak bèt menm jan sezon lapli enpòtan pou yo pandan ete. Dife sa yo lakoz ap toujou gen varyasyon ni nan vejetasyon sovaj la ni nan vejetasyon natif natal la. Anpil bèt depann de dife pou eklèsi forè ki toufi e anpil plant natif natal bezwen dife kòm yon pati nan sik lavi yo.

Dife sovaj yo pa metrize prezante yon gwo danje pou moun ak pwopriyete. Danje a ogmante pi plis lè moun bati nan zòn ki gen anpil pyebwa san yo pa pran mezi pou yo amenaje peyizaj ki toutotou yo epi pou yo pwoteje pwopriyete yo.

Se moun ki koze swasanndi pou san (70%) dife sovaj swa pa aksidan oubyen yo fè espre. Se zeklè ki koze lòt trant pousan (30%) an. Sezon dife sovaj la dire pandan tout ane a nan Florid, men li rive nan nivo maksimòm li nan sidwès Florid soti janvye rive jen.

Dife sovaj se responsablite tout moun.

Sant forestye "Caloosahatchee" pwograme sèten dife. Yo koupe pyebwa, yo rache yo an ti moso, yo moulen yo. Sa pèmèt yo repwodui kalite dife ki konn pran bò kay. Kon sa, yo redui danje ki genyen nan zòn ki konn gen anpil dife sovaj.

Dife yo pwograme yo se dife ki rapid e ki efikas. Yo pèmèt nou repwodui wòl natirèl dife nan Florid. Pou mete dife souvan, sa mande plizyè mwa pou planifye ak pou garanti kontwòl ak sekirite. Ajan forestye yo pran anpil prekosyon pou yo limite pwoblèm lafimen ki vin ak dife yo kapab bay.

Yo sèvi ak yon bouldozè pou yo rale yon woulo ki gen lam ladan pou koupe vejetasyon ak pou yo rache yo an ti moso. Ajan forestye yo pran anpil prekosyon lè y ap travay ozanviwon pyebwa yo e travay sa a se yon travay ki enpòtan nan zòn kote vejetasyon an grandi twò wo e li pa pratik pou pwograme yon dife nan zòn nan.

Yo sèvi ak machin ki gen woulo k ap vire ladan. Woulo sa yo gen yon seri dan sou yo. Yo rache vejetasyon an ti moso. Machin yo kreye yon kouch pay ki dekonpoze. Pwosede sa a pèmèt ajan forestye yo travay pi pre kay yo, e vejetasyon sa yo grandi byen vit ankò.

Sant lan travay san pran souf pou redui danje dife sovaj nan kominote a, men efò sa yo p ap bay rezilta si moun ki rete nan kominote a pa okipe pwopriyete yo byen.

Souvan, moun ki abite an Florid chwazi rete nan zòn kote k konn gen dife sovaj. Yo dwe pran responsablite pou yo redui danje dife sa yo poze.

Tout estrikti dwe gen yon zòn omwen *30 pye toutotou yo ki pwòp, ki vèt e ki pa gen vejetasyon ki mouri*. Yo rele zòn sa a yon espas defandab.

- Sijesyon pou pwoteje yon kay kont dife sovaj:
- Koupe branch bwa yo pou yo pa rive nan twati kay la ak nan dal yo.
- Retire tout vejetasyon ki mouri toutotou kay la.
- Plante mwens vejetasyon ki ka pran dife akote estrikti yo epi itilize pay ki gen gwo moso ladan oubyen itilize gravwa.
- Enstale yon sistèm irigasyon toutotou estrikti yo epi sèvi avè l selon restriksyon dlo ki gen nan lokalite ou a.
- Kouvri egou ak lòt ouvèti ak griyaj metalik ki pa pi gwo pase 1/8 pous.
- Pa kenbe bagay ki ka pran dife fasil pre kay la.
- Vejetasyon ki anvayi bato, veyikil touteren ak depo osi danjere
- Bati kay yo ak materyo ki pa pran dife fasil.
- Ale kay la dwe gen 12 pye nan lajè. Pa dwe pen branch oubyen plant ki anvayi ale a e ki afekte entèvansyon nan ka ijans.

Fè preparasyon pou lè dife sovaj menase kominote a.

- Kreye yon plan evakiyasyon epi asire ou tout manm fanmi an okouran de plan an epi konprann li.
- Suiv lòd pèsonèl sekirite yo epi kite zòn nan imedyatman si yo mande ou pou fè sa.
- Mete dokiman enpòtan ak lòt bagay ou ap bezwen tankou medikaman yon kote ou ka pran yo fasil.
- Planifye ki sa ou ap fè ak bèt ki nan kay la.

Si gen tan:

- Retire rido lejè ki ka pran dife akoz chalè reyonan ki vin ak dife sovaj la.
- Deplase mèb ki ka pran dife fasil. Mete yo lwen fenèt yo ak pòt an vit yo.
- Koupe kouran an epi dekonekte tout sous enèji yo.

Pwodui ki se danje

DANJE KI PI KOURAN ANNDAN KAY

Se pa nan sektè endistriyèl la senpman yo itilize pwodui toksik. Yon kay an jeneral gen plizyè douzèn pwodui ki kapab yon danje, pwodui ijyèn, pwodui medikal, pestisid, savon, detèjan, batri, pwodui enflamab, ansanm ak plon oubyen asbestòs.



Rezon ki fè tout kantite pwodui ki pa vrèman yon danje men ki an reyalite tounen yon danje potansyèl se poutèt pwodui yo sètifye pou itilizasyon san danje se lè yo sèvi ak yo jan yo mande pou yo sèvi ak yo. Kon sa si yo pa sèvi ak pwodui yo jan yo dwe sèvi ak yo pwodui yo kapab tounen yon danje.

Pou ou pi byen konprann konsèp sa a, toudabò ou dwe konprann diferan fason yon pwodui kapab lakoz danje: pwodui kapab antre nan kò moun nan manje/enjesyon, nan manyen/absòbsyon, nan pike/enjeksyon oubyen nan respire/inalasyon. Yon moun kapab sèvi ak yon pwodui an tout sekirite si li pase li sou kò li, menm pwodui sa a kapab toksik si moun manje li.

KI MOUN KI PRAN PI GWO RIS?

Se pa tout kontak ak pwodui toksik ki se yon danje. Kantite pwodui moun nan gen kontak ak li a se yon faktè ki kapab lakoz kontak sa a se yon kontak ki toksik. Lòt faktè yo se frekans oubyen repetisyon nan fason moun lan an kontak ak sibstans lan ansanm ak rezistans fizik moun lan. Dènye faktè sa a, rezistans fizik la, se sa ki lakoz kontak ak yon pwodui kay timoun oubyen kay ti granmoun pi toksik pase kay yon granmoun ki an sante.

Ou kapab eseye konbat faktè toksisite yo nan pran sèten mezi pou asire pwodui yo sèvi jan yo sipoze sèvi. Make pwodui yo klè, mete yo kote moun ki pi frajil yo pa an kontak ak yo, epi fè edikasyon popilasyon ki pi siseptib pou gen ris kapab prevni kontak toksik.

PREKOSYON SEKIRITE ESTANDA

- Toujou li enfòmasyon ki sou pwodui yo epi suiv yo. Men sa ki merite yon atansyon espesyal:
  - Melanj pwodui chimik ki se yon danje
  - Itilizasyon ak konsantrasyon ki apwouve
  - Ekipman pwoteksyon ki rekòmande
  - Fason pou konsève pwodui yo ak fason pou yo jete yo
  - Esplikasyon pou premye swen
- Pa konsève pwodui ki kapab yon danje nan veso ki kapab lakoz yo konfonn yo ak manje oubyen sa moun kapab bwè.
- Si yon moun an kontak ak sibstans ki se yon danje epi li gen blesi oubyen li boule, li vomi oubyen li gen pwoblèm pou li respire rele 911. Si pa gen blesi, rele Sant Enfòmasyon Kont Pwazon an nan: 1-800-222-1222.

PWOTEKSYON KONT DIFE

Lè dife pran lakay ou ou gen kèk minit senpman pou ou kouri kite kay la. Pi bon fason pou ou pwoteje tèt ou kont dife se pou ou idantifye ki sa ki kapab lakoz dife pran nan kay la epi wete yo. Si dife pran, si ou gen yon detektè lafimen, ak yon plan ou abitye teste pou kouri kite kay la sa kapab epaye lavi moun. Men prekosyon moun kapab pran kont dife:

- Montre timoun sèten bagay se danje yo ye pou dife tankou alimèt, brikè, epi pa mete bagay sa yo kote timoun kapab jwenn yo.
- Pale ak timoun yo sou 911: kouman, ki lè pou yo itilize li.
- Tcheke detektè lafimen pou asire ou y ap mache byen.
  - Kay ki pa gen detektè lafimen lakoz 60 pousan lanmò ki rive akoz dife ki pran nan kay.
- Fè yon plan pou kouri kite kay la ak fanmi ou an ka dife epi mete plan an pratik de fwa pa ane.
  - Tout moun nan fanmi an ta dwe konnen omwen de fason pou fanmi an kouri kite chak chanm nan kay la
  - Asire ou tout moun nan fanmi an konnen kote yo dwe rankontre lè yo kouri kite kay la
  - Pratike teknik Kanpe, Lage kò ou atè epi Woule atè ak tout moun nan fanmi an.
- Pa sèvi ak gaz pwopàn oubyen recho chabon anndan kay la oubyen anba estansyon tèt kay; ou dwe sèvi ak recho chabon nan yon distans 10 pye omwen parapò ak tout estrikti.

Preparasyon kont zak teyoris

KI SA ZAK TEYORIS YE?
Etan yon peyi, Etazini ap toke kòn li ak teyoris depi an 1784 sou administrasyon Prezidan Toma Jefèsonn. Depi lè sa a, chak deseni pote nouvo gwoup teyoris ak nouvo mòd teyoris. An plizyè fwa, Etazini ak Ameriken viktim zak gwoup sa yo, kit isit kit aletranje.

Men kouman Biwo Federal pou Envestigasyon (FBI ann angle) defini teyoris ni onivo nasyonal ni onivo entènasyonal: "itilize fòs ilegal kont moun ak pwopriyete pou entimide oubyen pou fòse yon gouvènman, oubyen popilasyon sivil la oubyen nenpòt pati nan enstans sa yo pou reyalize objektif politik oubyen objektif sosyal."
Teyoris pa oblije fè pati yon gwoup òganize, santralize sèjousi. Se kapab moun ki vin radikal poukont yo, ki aji poukont yo sou enfliyans lòt moun. Detoutfason, objektif moun sa yo toujou rete menm nan.
Objektif zak teyoris se koze panik ak lanmò anpil moun. Se koze pèt resous ki enpòtan. Se deranje sèvis ki endispansab e se sakaje ekonomi an. Zak sa yo ka pran diferan fòm: atak ak bonm, atak ak zam, sibèatak, atak biyolojik/chimik, atak ak materyèl radyoaktif.
Sa a se yon mesaj nou dwe repete, kèlkeswa kote ou ap viv nan lemonn: Nou bezwen èd ou pou nou anpeche zak teyoris fèt.
SI OU WÈ YON BAGAY...SE POU W DI YON BAGAY!
Li klè gen sèten kalite aktivite ki anonse yon zak teyoris ka sou pye, espesyalman lè aktivite sa yo ap fèt pre yon seri sit enpòtan kote anpil moun reyini - tankou bilding leta, enstalasyon militè, sèvis piblik, estasyon tren oswa estasyon otobis, gwo rasanbleman piblik.

Se yon bagay nòmal pou w ale kote sa yo. Ou pa dwe evite yo men ou dwe veye sa k ap pase toutotou w ak moun ki ozalantou w lè w ale kote sa yo.

Si nou wè oubyen si nou okouran aktivite ki louch, tankou aktivite yo mansyone anba a, fè otorite yo konn sa tousuit.

- **Siveyans:** Èske ou wè pèsonn k ap anrejistre, k ap siveye, k ap pran nòt, k ap sèvi ak kamera, kat jeyografik, longvi eksetera ozanviwon enstalasyon/gwo rasanbleman enpòtan?
- **Kesyon louch:** Èske ou konn pèsonn k ap eseye jwenn enfòmasyon an pèsòn, pa lapòs, pa imèl, sou sèten enstalasyon kle oubyen sou moun ki travay nan enstalasyon sa yo?
- **Tès sekirite:** Èske ou konn pèsonn k ap eseye rekrite w pou yon enstalasyon/ rasanbleman kle oubyen k ap teste sekirite oswa pwosedi nan enstalasyon/rasanbleman sa yo?
- **Moun k ap chèche ekipman...**Èske ou konn okenn moun k ap eseye jwenn esplozif, zam, minisyon, pwodui chimik danjere, inifòm, badj, manyèl pilotaj avyon, kat admisyon oubyen kat didantite pou yon enstalasyon/rasanbleman (ilegalman) oubyen k ap eseye jwenn sèten bagay legalman (men yon fason anba anba) pou yo itilize pou yon atak teyoris?
- **Moun ki sispèk:** Èske ou wè yon moun ou pa abitye wè nan travay la, nan katye a, nan yon antrepriz komèsyal, oubyen ozalantou yon enstalasyon/rasanbleman kle?
- **Esè:** Èske ou obsève okenn konpòtman ki sanble ak preparasyon pou yon zak teyoris, tankou moun k ap trase wout sou yon kat, k ap fè repetisyon ak lòt moun, k ap siveye enstalasyon/rasanbleman kle, k ap konometre limyè sikilasyon ak jan trafik la ap defile oubyen k ap fè lòt aktivite sispèk?
- **Deplwaye mwayen:** Èske ou obsève machin yo abandone, estokaj materyo louch oswa moun yo mete fè pòs pre yon enstalasyon/ rasanbleman kle?

KI SA M KAB FÈ POU M EDE?
Rele 9-1-1 oubyen biwo lokal FBI pou rapòte tou sa ki parèt sispèk oubyen ki parèt dwòl. Ou ka rapòte zak teyoris moun ap planifye oubyen aktivite kriminèl sou entènèt nan sit FBI la: https://tips.fbi.gov.

KI PREPARASYON MWEN KA FÈ?
Preparasyon pou zak teyoris depann de kalite zak k ap fèt la. Ou ka bezwen kite zòn lan, ou ka bezwen rete kote ou ye a oubyen pran refij kote ou ye a. Toujou chèche konnen kote sòti ijans yo ye nan bildin kote ou abitye ale yo.

Pou yon pake oubyen yon machin ki parèt sispèk:

- Rekonèt gen yon danje;
- Pa touche bagay ki parèt sispèk la;
- Izole bagay ki parèt sispèk la, kreye yon perimèt toutotou li e pa kite pèsonn pwoche li.
- Fè otorite yo konnen - 9-1-1;
- Deplase pou ale osi lwen ou kapab, osi vit ou kapab epi chèche yon bagay pou kache dèyè l.

Pou atak ak zam:

- FBI (www.fbi.gov) gen yon gid referans rapid ki rele: *Active Shooter Quick Reference Guide*.

Pou atak chimik, radyoaktif ak/oswa biyolojik, ou kapab rete sou plas epi pran refij nan yon espas ki plizoumwen fèmen; n ap jwenn esplikasyon sou kouman pou n fè sa nan paj 6 Gid ki rele Gid pou tout Kalite Danje a.

Lè w ap vwayaje:

- Tcheke sit Depatman d Eta Peyi Etazini an (http://travel.state.gov/) ak sit Depatman Sekirite Teritoryal (https://www.dhs.gov) pou konnen si gen rekòmandasyon pou moun k ap vwayaje oubyen si gen chanjman nan pwosedi yo.
- Kenbe pyès idantite ou yo an sekirite toutan.
- Koopere ak ajan sekirite yo.

Deplase oubyen kite zòn lan si ou santi ou malalèz oubyen si yon bagay parèt dwòl pou wou. Fè otorite yo konnen sa k fè ou malalèz la - Si ou wè yon bagay... Se pou w di yon bagay.

Kat pou suiv siklon nan Basin Atlantik la

NATIONAL HURRICANE CENTER • MIAMI, FLORIDA